DEVOSYON JOUNEN AN
PAWÒL PWOFETIK OU CHAK JOU

NIMEWO 4

Okt – Nov - Des

2026

BonNouvèl

Jounen an



Menm jan ak dlo frèt pou yon nanm ki swaf, se konsa BònNouvèl ki sot nan peyi lwen ye (Pwovèb 25:25).

Uebert & BeBe
ANGEL

NIMEWO 4 | 2026

OKTÒB – NOVANM - DESANM

ENFÒMASYON PÈSONÈL

Non ou:

Nimewo Telefòn ou:

OBJEKTIF OU POU TRIMÈS SA:

BònNouvèl Jounen an fèt pou ede'w grandi atravè Pawòl BonDye a chak jou. Li devosyon an dousman epi reflechi sou mesaj li a.

Fè priyè a epi di deklarasyon pwofetik la avèk lafwa, fè BonDye konfyans pou travay nan lavi'w.

Swiv defi lekti Labib chak jou a ak etid biblik yo pou ranfòse konpreyansyon'w sou Pawòl BonDye a epi bati yon relasyon konsistan avèk Li.

Pandan w'ap itilize devosyon sa a chak jou, atann pou Pawòl BonDye a gide'w, fòtifye'w, epi mennen'w nan viktwa.

Pran plezi nan tan chak jou ou avèk BonDye atravè BònNouvel Jounen an, BonDye beni'w.

Pwofèt Uebert Angel



KONSÈNAN DEVOSYON AN

Devosyon BònNouvèl Jounen an se Pawòl pwofetik ou pou jounen an e se yon resous Kretyen trè apresye ki ekri ak anpil swen pou pote anrichisman espirityèl chak jou nan ane a. Li ofri ide pwofon, revelasyon pisan, ak **DEKLARASYON PWOFETIK** chak jou nan objektif pou gide lektè yo nan yon lavi ki santre sou Kris, ki pran rasin nan ansèyman transfòmatif ak revelasyon Pwofèt Uebert Angel yo. Pibliye chak 3 mwa, devosyon sa distenge li nan fason li etann li nan mond la, kote ke li disponib gratis nan yon pakèt lang pou depase baryè lengistik yo epi asire ke mesaj pou chanje lavi li yo aksesib tout kote nan mond la. Avèk twa edisyon inik, pou Granmoun, Adolesan, ak Timoun, Devosyon BònNouvèl Jounen an pote Pawòl pwofetik la bay chak jenerasyon, pou bay fanmi yo pouvwa pou yo grandi ansanm nan lafwa ak revelasyon.

UEBERT AK BEVERLY ANGEL

Ak yon gwo richès eksperyans nan ministè a plen tan, Uebert ak Beverly Angel vin tounen vwa ki enpòtan anpil nan pataje BònNouvèl gras Bondye a (Euangelion) ak fè avanse ministè pwofetik la tout kote nan mond lan. Antanke otè ki gen anpil siksè nan liv enfliyan tankou Spiritual Warfare, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, Grace Driven Life, ak Devosyon BònNouvèl Jounen an, yo fè gwo kontribisyon nan literati Kretyèn an. Renome pou vizyon, inovasyon, ak lidèchip dinamik yo, Uebert ak Beverly Angel se oratè konferans ke yo ap chache anpil. Kòm pyonye mondyal ak fondatè Legliz GoodNews (Spirit Embassy) ak detantè ofis Pwofèt la, yo gen yon enpak pwofon sou lavi plizyè milyon moun atravè mond lan, gide pa yon angajman san parèy pou simaye revelasyon BònNouvèl la ak pouvwa transfòmatif ki genyen nan gras Bondye a (Euangelion).





GALON PILÒT LA

1 Korint 15:58 (KJV)
Se poutèt sa, frè'm yo, rete fèm, pa brannen. Se pou nou toujou travay di nan travay Senyè a, paske'w konnen travay ou pa anven nan Seyè a.

Nan aviyasyon, galon pilòt yo endike ran ak responsablite. Youn oubyen de galon vle di yon pilòt estajyè oubyen yon pilòt jinyò, twa idantifye yon premye ofisye ki totalman kalifye, epi kat reprezante kapitèn nan, pilòt ki alatèt la. Kantite galon yo reflete tout ane devouman yo pase nan aparèy yo. Anvan yo wè manifestasyon ekstèn travay yon pilòt, gen plizyè ane devouman ki vin anvan'l, epi finalman yo tout fini pa rekonpanse.

Menm jan tou, travay ou fè pou fè Wayòm BonDye a avanse pa pase inapèsi. Pandan w'ap sèvi fidèlman epi w'ap grandi, "galon" ou yo kòmanse parèt. Nivo responsablite'w ap ogmante, epi fwi travay ou vin evidan. Konsakre tèt ou nan apèl BonDye nan lavi'w epi konstate benediksyon li yo k'ap vide nan lavi'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske'W pèmèt mwen sèvi'W ak dilijans. Mwen konnen avèk yon mantalite ki fikse sou Ou, mwen p'ap janm echwe.

DEKLARASYON PWOFETIK

M'ap viv yon lavi devouman pou BonDye ak travay Li! Pandan m'ap sèvi'L avèk devouman, "galon" espirityèl mwen yo ap parèt! Pandan responsablite'm yo ap grandi, se konsa benediksyon BonDye yo ap grandi sou lavi'm tou.

ETID KONPLEMANTÈ
Ebre 6:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 274
Lik 19:1-27; Sòm 103-104



GoodNews DAILY

KOULÈ YON KRAPO AK FLÈCH

Jak 1:14-15 (KJV)
Men, chak moun tante lè pwòp lanvi li rale'l, epi sedui'l. Epi lè lanvi an evolye, li mennen peche. Epi peche, lè'l fin konsime, li mennen lanmò.

Nan wayòm animal la, krapo ak flèch la deplase ba sou planche bèl forè rich ak jeng yo, poutan li kanpe byen wo pami bèt ki pi kaptivan nan mond lan. Ou wè, krapo sa a gen yon po kolore, yon manto briyan ki fèt pou avèti predatè yo. Si yon predatè ta eseye atake'l, l'ap santi efè toksin puisan ke po li pote yo.

Lènmi an pa toujou fè konnen tèt li ouvètman oubyen aklè. Men, menm jan krapo ak flèch la pote yon defans anndan'l ki fè predatè yo reflechi de fwa, BonDye ba'w Pawòl Li kòm pwoteksyon'w. Ranfòse detèminasyon'w ak kapasite'w pou reziste kont avans dyab la lè'w ranfòse tèt ou nan Pawòl BonDye a chak jou. Pa tonbe nan pyèj dyab la; yo ba'w pouvwa pou reziste epi netralize atak li yo.

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Senyè, paske'w ekipe'm ak Pawòl Ou a. Avèk konesans mwen genyen nan Ekriti yo, lènmi an p'ap janm ka pran'm nan pyèj.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pa inyore plan dyab la. Kèlkeswa fòm trik lènmi an pran, lavi'm ranfòse nan Pawòl BonDye a; atak dyab la pa gen okenn efè sou mwen!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Jan 2:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 275
Ezayi 56-58; Kolòs 4



AVÈG KOU YON CHÒVSOURI

Jozye 6:2 (NIV)
Lè sa a, Seyè a di Jozye konsa: « Gade, mwen lage lavil Jeriko nan men'w, ansanm ak wa a ak tout sòlda li yo. »

Ou ka sezi lè'w konnen ke byenke ekspresyon "avèg tankou yon chòvsouri" la komen, lide ke chòvsouri pa ka wè a se yon mit. Tout chòvsouri ka wè. Sepandan, fòs yo chita nan ekolokasyon, yon sistèm sona byolojik ki pèmèt yo "wè" ak son. Yo emèt kri nan wo frekans ki rebondi sou objè yo epi retounen kòm eko, ke sèvo yo entèprete pou detèmine fòm, distans, ak menm teksti.

Antanke kretyen, ekolokasyon nou se Pawòl BonDye a. Pawòl la klè: kapasite imajinasyon'w se kapasite kreyatif ou. Anvan Jeriko te lage nan men Jozye, li te dwe wè'l an premye. Pou'w posede tout sa Li vle pou ou, ou dwe premyeman vizyalize reyalite sa yo. Tande son Pawòl BonDye a epi kòmanse wè tout sa Li te ba ou gratis.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, mwen priye pouke pandan m'ap tande Pawòl ou nan jounen'm nan, mwen ka posede tout sa'w te ban mwen gratis!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen wè yon abondans pòt opòtinite ouvè devan'm ane sa a! Pandan m'ap tande son Pawòl la, m'ap gade manifestasyon fizik pwomès BonDye yo.

ETID KONPLEMANTÈ
Jenèz 13:14-15

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 276
Ezayi 59-61; 1 Tesalonik 1



GoodNews DAILY

METÒD ETRANJ BONDYE A

Jan 9:6 (KJV)
Lè li fin di sa, li krache atè, li fè labou ak krache a, epi li pase labou a sou je avèg la.

Anpil Kretyen tèlman konsantre sou fason BonDye pral pote benediksyon oswa mirak yo a ke yo kòmanse panse ak difikilte yo anvan menm ke yo fè BonDye konnen demann yo a. Men, nan tout Ekriti yo, nou wè ke BonDye ka sèvi ak metòd etranj pou ede'w. Nan lekti jodiya, Senyè Jezi te geri yon avèg lè'l te fè labou ak krache li epi aplike'l nan je nonm lan. Li te ka fasilman geri nonm lan ak yon klakman dwèt li.

Pasaj sa a montre ke kèlkeswa jan metòd la ta etranj oswa ekstraòdinè, BonDye gen pouvwa pou sove'w nan nenpòt sitiyasyon negatif. Pa enkyete'w pou kijan, kisa, oswa kilè. W'ap sèvi yon BonDye ki fè mirak etranj ak enkonpreyansib yo. Fè metòd Li a konfyans, kèlkeswa sa'l ye.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, BonDye, gide'm pandan m'ap avanse nan nouvo semèn nan. Vide benediksyon yo sou mwen ak fanmi'm, kèlkeswa metòd la, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

M'ap sèvi yon BonDye ki fè mirak etranj! Kèlkeswa jan sikonstans ki devan'm yo ta sanble konplèks, difisil, oswa enposib, mwen ranpòte laviktwa paske BonDye ban'm pouvwa sou lènmi an!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Korint 1:27

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 277
Ezayi 62-64; 1 Tesalonik 2



GoodNews DAILY

PAWÒL LA SE PA'W

Jak 1:22 (KJV)
Men, se pou nou pratike pawòl la, epi pa sèlman rete ap koute'l, n'ap twonpe tèt nou noumenm.

Ekspresyon "mond lan se pa'w" la lajman rekonèt kòm yon ankourajman pou kwè ke opòtinite yo toupre. Sepandan, orijin li soti nan pyès teyat Shakespeare la, The Merry Wives of Windsor (Madanm Jwaye Windsor yo), ki te ekri plis pase kat syèk de sa. Liy konplè a di: "Poukisa alòske mond lan se pa'm, Ke'm pral louvri'l ak epe." Okòmansman, ekspresyon an te transmèt lide ke mond lan chaje ak trezò men ke'w dwe pran yo avèk fòs ak jefò. Opòtinite pa pasif; se sezi pou sezi'l.

Menm jan an tou, Ekriti a anseye nou pou nou kenbe pwomès BonDye yo atravè aksyon, obeyisans ak lafwa. Pawòl BonDye a se gid enstriksyon pou chak pitit BonDye, li gen richès espirityèl, bijou ki pote siksè ak pwosperite. Li pa sifi pou'w tande Pawòl la; ou dwe aji sou li. Menm jan ak lè w'ap louvri yon zuit pou'w jwenn pèl ki anndan'l lan, ou dwe aplike Pawòl la pou'w resevwa trezò ki ladan'l yo!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ede'm vin yon pi bon etidyan Pawòl Ou a, pou'm dekouvri tout trezò li genyen yo.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pawòl BonDye a gen richès espirityèl ak fizik, bijou mwen jwenn lè'm aji sou prensip li yo. Lè'm aplike sa'l anseye'm, rezilta yo vini. Lavi'm reyaji, pòt yo louvri, epi sa'm aji sou yo pwodui chanjman vizib.

ETID KONPLEMANTÈ
Jak 2:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 278
Izayi 65-66; 1 Tesalonik 3



GoodNews DAILY

NAN TÈ PWOMÈS LA

Kolòs 1:13 (KJV)
Kiyès ki te delivre nou anba pouvwa fènwa a, epi transpòte nou nan wayòm Pitit gason li renmen anpil la.

Apre yo fin navige nan boulvès ak latwoublay lavi a, anpil moun tounen vin jwenn BonDye, ki kapab retire yo nan pwoblèm, sezon malè, ak lit yo. Sepandan, yo souvan bliye ke retire'w nan yon sitiyasyon se pa tout sa BonDye te pwomèt nan Pawòl li. Li vle retire'w nan fènwa epi mennen'w nan yon lavi limyè.

Izrayelit yo te pase plizyè dizèn lane anba okipasyon Ejipsyen epi yo te libere yo grasa Moyiz pa pouvwa BonDye. Men, istwa yo pa't fini ak delivrans yo anba peyi Lejip. Egzòd yo te fini se lè yo te antre nan yon peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule, Latè Pwomiz la. Menm jan an tou, BonDye te transpòte'w nan Wayòm Li an, yon Wayòm ki ranpli ak benediksyon, gerizon ak pwosperite. Li te fè'w soti epi li te asire ke sa'w vin antre ladan'l lan pi gran pase sa'w te kite dèyè.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ede'm mache nan limyè Ou te fè'm rantre a, pou lavi'm ka yon vrè refleksyon'W. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen delivre anba grif dyab la. Pouvwa fènwa a pa gen okenn otorite sou mwen. BonDye pa sèlman retire'm nan pwoblèm, men Li mennen'm tou nan yon peyi kote pwomès li reyalize.

ETID KONPLEMANTÈ
Travay 26:18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 279
Jeremi 1-2; 1 Tesalonik 4



LWA MURPHY A

Ròm 8:28 (KJV)
Epi nou konnen ke tout bagay travay ansanm pou byen moun ki renmen BonDye, pou moun ki aple dapre objektif li.

Lwa Murphy a se swadizan lwa lanati ki sijere nenpòt bagay ki ka ale mal nan lavi a ap kontinye ale mal. Pandan ke "lwa" sa a genyen notoryete atravè divès pawòl komik, anpil moun vrèman antisipe rezilta ki pi move posib yo nan lavi yo, kòmsi sa a te nòmal la. Sepandan, pou chak pitit BonDye, opoze pawòl sa vre. Bib la di nou ke tout bagay travay ansanm pou byen nou.

Ka gen Lwa Murphy a, men genyen tou lalwa Kris la, yon lwa espirityèl ki garanti siksè ak pwosperite. Se nan nati yon kretyen pou'l viv yon lavi plen benediksyon ak abondans. Se poutèt sa, pa viv lavi'w ap tann malè oswa echèk. Okontrè, kòmanse atann gwo bagay rive chak jou.

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye, mèsi pou tout kado Ou te ban mwen pa gras! Pandan m'ap pase semèn nan, mwen konnen tout bagay ap travay ansanm pou byen'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Gwo bagay ap pran plas nan lavi'm! Ane sa a, pwoblèm ak malè disparèt nan fanmi'm. M'ap tann e m'ap antisipe bòn nouvèl nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Jeremi 29:11

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 280
Jeremi 3-5; 1 Tesalonik 5

GoodNews DAILY

SANTE DIVIN

Deteronòm 7:15 (KJV)
Senyè a pral elwaye de ou tout maladi, epi Li p'ap kite okenn nan maladi tèrib ou konnen ki te frape Lejip yo vin sou ou; men L'ap lage yo sou tout moun ki rayi'w yo.

Nan moman ou te konfese Senyè Jezikri sou lavi'w, ou te eritye vrè nati Li. Letènite nati Li te vin tounen pòsyon pa'w pou'w eksperimante kounye a. Men, anpil Kretyen ap priye pou sante divin ke yo posede deja atravè pouvwa sali a.

Pawòl la montre nou ke maladi fè pati mond ki chite a; li pa yon bagay ki rezève pou pitit BonDye yo. Menm jan BonDye pa mare anba chenn maladi, ou menm non plis. Viv lavi'w dapre sa Kris te delivre ba ou gratis sou lakwa a. Pouvwa rezirèksyon an manifeste nan ou, pa sèlman apre lanmò men isit la e kounye a. Pran kontwòl pouvwa sa a!

PRIYÈ POU JODIYA


Mèsi, Senyè Jezi, paske'w ban mwen sante divin jodiya! Nan moman mwen te konfese Otorite'W sou lavi'm, maladi ak enfimite pa't gen okenn lòt chwa ke disparèt. Mèsi paske m'ap mache nan yon sante pafè.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lavi'm temwaye bonte BonDye. Gras ak Kris, maladi pa gen okenn pouvwa sou fanmi'm oswa sou mwen. Nan ane Lwil Etranj sa a, sante divin se pa'm!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Piè 2:24

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 281
Lik 19:28-48; Sòm 105-106



GoodNews DAILY

TIBILANS PA VLE DI CHITE

2 Korint 4:17 (KJV)
Paske pwoblèm nou genyen kounye a yo piti epi yo p'ap dire lontan. Men, yo pwodui pou nou yon glwa ki pi gran pase yo epi ki pral dire pou tout tan!

Èske'w remake lè'w ap vwayaje nan avyon, tibilans souvan nan pik li pandan monte oswa desann? Enstabilite sa a ka akonpaye chanjman altitid oswa mouvman avyon an nan yon nouvo nivo lè a. Menm jan an tou, anpil Kretyen fè fas ak sitiyasyon "tibilans" epi yo sipoze dyab la ap reyisi oswa lavi yo ap depafini. Men, sa ki sanble ak rezistans ka an reyalite yon prèv elevasyon.

Gen temwayaj ki mande yon seri difikilte oubyen yon peryòd rafinman pou temwen yo ka konnen glwa Senyè a. Pa enkyete oswa strese lè sikonstans ou yo sanble difisil; BonDye ap fè'w monte pi wo pase jan'w te ye anvan. Eta'w ye kounye a se prèv ke Li poko fini avè'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ede'm rekonèt ke elevasyon vini diferant fason. Menm lè sitiyasyon yo sanble fèb, ban'm fòs pou'm wè nouvo wotè k'ap vini yo!

DEKLARASYON PWOFETIK

Advèsè'm yo se prèv ki montre BonDye ap fè'm monte. M'ap vole byen wo tankou yon avyon k'ap plane nan syèl la. Mwen kite maladi, lit, doulè ak povrete atè!

ETID KONPLEMANTÈ
Ezayi 48:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 282
Jeremi 6-8; 2 Tesalonik 1



GoodNews DAILY

SISTÈM AKTIVASYON RETIKILÈ

Ròm 7:15 (KJV)
Paske sa m'ap fè a, mwen pa konprann li; sa'm vle fè a, se pa li m'fè, men sa'm rayi a, se li m'fè.

Lè'w konsantre sou eseye pa fè yon bagay, souvan se menm bagay la ou fini pa fè. Sa ka esplike an pati pa Sistèm Aktivasyon Retikilè (RAS) la. RAS la se yon pati nan sèvo a ki filtre enfòmasyon epi dirije atansyon'w sou sa'w konsantre plis. Lè'w eseye pa fè yon bagay, sèvo a kontinye konsantre sou li, sa ki fè li gen plis enfliyans sou panse ak aksyon'w.

Olye nou fikse lespri nou sou sa nou pa vle fè, Ekriti yo mande nou konsantre sou sa ki bon. Nou gen lespri Kris la. Lè'w konsantre mwens sou pwoblèm nan epi plis sou BonDye ki rezoud yo, fason'w panse chanje.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, pandan m'ap grandi nan Pawòl la, fè panse ak aksyon'm yo reflete Ou, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen gen lespri Kris la. Lè'm fikse je'm sou bagay ki anwo yo, lavi'm ap transfòme soti anndan pou rive deyò.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Korint 2:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 283
Jeremi 9-11; 2 Tesalonik 2



YON KÒB POU PANSE'W YO

2 Timote 2:15 (KJV)
Fè tout efò pou prezante tèt ou devan BonDye kòm yon moun ki apwouve, yon ouvriye ki pa bezwen wont, ki esplike pawòl verite a byen.

Gen yon ekspresyon popilè ki di: "Yon kòb pou panse'w yo." Li soti nan lide pou "achte" panse yon moun, espesyalman lè li rete an silans oswa li sanble pèdi nan refleksyon. Souvan yo di sa pou fè blag, men èske'w te konnen panse'w yo se youn nan byen ki gen plis valè devan BonDye?

Vrè richès la chita nan panse'w yo. Liv, radyo ak televizyon ap fè konpetisyon chak jou pou pran plas nan lespri'w. Antanke pitit BonDye, se devwa'w pou bay plas pou devlopman pèsonèl ou ak kominyon avèk Kris la atravè Pawòl Li. Bay Kris lespri'w. San sa, ou ka pa wè ki pwoblèm w'ap envite nan lavi'w jiskaske li twò ta.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, pandan m'ap antre nan semèn sa a, gide'm nan etid Pawòl Ou a. Ede'm renouvle lespri'm nèt pou ansyen fason mwen te panse, reyaji ak viv yo pa gen enfliyans sou mwen ankò. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Panse'm yo vo plis pase milya dola! Pandan m'ap li Pawòl BonDye a, lavi'm vin tounen davantaj reflè Senyè Jezikri.

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 12:2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 284
Jeremi 12–14; 2 Tesalonik 3



GoodNews DAILY

GREFFE NAN SIKSÈ

Jan 15:5 (NIV)
Mwen se pye rezen an; nou se branch yo. Si nou rete nan mwen, epi mwen rete nan nou, nou va bay anpil fwi; paske san mwen nou pa ka fè anyen.

Nan botanik, grèf se pwosesis kote yo tache yon branch yon plant sou rasin yon lòt plant pou yo grandi ansanm kòm yon sèl plant. Se egzakteman sa Kris te fè pou nou! Anvan'w te vin jwenn Kris, ou te fè pati yon mond ki t'ap depafini, plen ak fènwa. Men, depi lè'w te aksepte Kris la, yo te greffe'w tousuit nan yon lavi siksè!

Viv ak mantalite sa a: ansyen lavi'w pa atache ak ou ankò nan okenn sans. Yo delivre'w anba pouvwa fènwa a epi transpòte'w nan Wayòm Limyè a atravè lanmò ak rezirèksyon Kris Jezi. Nan nouvo lavi sa a, ou plase pafètman pou pote fwi ak pwospere. Mache nan reyalite sa a jodiya!

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye, mèsi paske'W montre'm pase'm pa sous lavi'm ankò. Ou plase'm pafètman pou'm reyisi!

DEKLARASYON PWOFETIK

Yo greffe'm nan siksè. Maladi, povrete ak malè te fè pati ansyen lavi'm; dyab la pa ka manyen'm ankò. Mwen gen menm lavi Kris la nan mwen.

ETID KONPLEMANTÈ
Kolòs 1:13

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 285
Jeremi 15–17; 1 Timote 1



GoodNews DAILY

TORO K'AP CHAJE

Pwovèb 3:5-6 (KJV)
Mete tout konfyans ou nan Senyè a ak tout kè'w; pa konte sou pwòp konpreyansyon pa'w. Nan tout chemen'w yo, rekonèt Li, epi Li va fè'w jwenn bon direksyon.

Yon toro k'ap chaje konte sou vitès ak detèminasyon li. Men fòs sa a, lè li pa byen dirije, tounen yon feblès. Yon kòd kòbòy pa bezwen pi fò pase toro a; yon ti chanjman nan ang lan sifi pou fè'l pèdi balans. Fòs ki deplase nan move direksyon toujou kreye enstabilite.

Menm jan an tou, anpil kretyen ap deplase rapid, ak anpil enèji, men yo pa gen rezilta pou montre. Pwoblèm nan pa nan efò a, men direksyon an. Kouri vit nan move direksyon pi mal pase rete kanpe. Chak pa ou fè nan move direksyon ap mennen'w pi lwen de plan BonDye. Lè'w pa aliyen ak volonte BonDye, menm ti obstak ka fè'w tonbe.

Pa kite fòs ou tounen kont ou. Aprann swiv direksyon Sentespri. Lè direksyon'w bon, efò'w pwodui rezilta.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, mèsi pou Sentespri Ou! Pandan m'ap mache nan semèn sa a, mwen konnen W'ap gide chak pa'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pa tankou yon toro kap kouri vit nan move direksyon. Chak pa mwen aliyen ak volonte Sentespri. Lè'm mache nan direksyon BonDye, echèk vin enposib!

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 8:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 286
Jeremi 18-19; 1 Timote 2



MAGAZEN SIRÈT

Jan 10:10 (KJV)
Mwen vini pou yo ka gen lavi, e pou yo ka genyen'l an abondans.

Si'w te janm bay yon timoun libète pou chwazi tout sirèt li vle nan yon makèt, ou ka remake yon bagay enteresan. Paske li abitye ak limit, li pa fin sèten konbyen li gen dwa pran. Konsa, timoun nan ezite epi li pran mwens pase sa yo t'ap atann.

Malgre ou resevwa yon nouvo lavi nan Kris, ou dwe fè efò pou'w kraze ansyen mantalite'w te konn viv ladan'l. Anpil kretyen pa mache nan plenitid sa BonDye bay paske yo kontinye viv anba limit mond lan te anseye yo. Yo ba'w yon lavi abondan, men si fason'w panse rete limite, eksperyans ou ap limite tou. Mond lan fòme'w pou atann mwens, men Kris rele'w pou pran tout sa Li mete a dispozisyon'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè Jezi, mèsi paske'W anbeli lavi'm! Pandan m'ap pase jounen'm nan, ede'm viv selon kilti Ou, pa selon kilti mond lan.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen kraze ak kilti mond lan! Tankou yon timoun nan yon magazen sirèt, m'ap sezi chak kado Kris mete a dispozisyon mwen, nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Jozye 1:3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 287
Jeremi 20–21; 1 Timote 3



GoodNews DAILY

TESTE, APWOUVE EPI DIY DE KONFYANS

Ebre 4:15 (NIV)
Paske nou pa gen yon gran prèt ki pa ka konprann feblès nou yo, men nou gen Youn ki te tante nan tout bagay menm jan ak nou, men Li pa't peche.

Minis Levanjil yo souvan ankouraje kretyen yo pou yo viv kòm reflè karaktè Kris la. Menm si gen moun ki toujou panse ke estanda sa twò wo pou rive jwenn li, Ekriti yo montre nou sa pa vre. Malgre Jezi te totalman BonDye, Li te viv yon eksperyans imèn total. Li te fè fas ak menm reyalite nou rankontre chak jou—trayizon, rejè, tantasyon ak limitasyon—men Li te genyen san peche. Lavi Li pa yon ideyal ki enposib pou atenn; li se yon egzanp ki deja pwouve.

Pawòl la pa teyori. Li teste, li apwouve, epi nou ka fè'l konfyans nèt paske Kris te viv li anba menm kondisyon nou ap viv yo. Lè'w aji sou Pawòl la, ou pa antre nan yon bagay enkoni; w'ap mache sou yon chemen Kris te deja mache epi Li te genyen batay la.

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, BonDye, paske'W konprann feblès mwen yo. Lè'W te genyen tout defi'W te rankontre yo, Ou ban'm fòs pou'm pèsevere nan pa'm yo.

DEKLARASYON PWOFETIK

M'ap viv dapre Ekriti ki deja teste epi ki diy de konfyans. Akòz egzanp Kris te ban mwen atravè lavi Li, pa gen okenn obstak oswa eprèv ki ka anpeche elevasyon'm!

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 16:33

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 289
Lik 20:1-26; Sòm 107-109



GoodNews DAILY

BATAY FORÈ TEUTOBURG LA

Ròm 12:19 (KJV)
Byenneme yo, pa tire revanj pou tèt nou, men kite plas pou kòlè BonDye; paske li ekri: "Se mwen ki pou tire revanj; se mwen ki va bay sa moun merite," se sa Senyè a di.

Nan batay istorik Forè Teutoburg la, lame women an t'ap chèche elaji teritwa li sou bò lès Rivyè Rhin nan. Yo te depase lènmi yo nan kantite sòlda, zam, fòmasyon ak ladrès, men yo pa't genyen batay la. Malgre yo te byen antrene ak byen ekipe, batay la te fèt nan yon forè dans ak ti chemen etwat, gwo lapli ak labou. Kondisyon sa yo te elimine avantaj yo. Fòmasyon yo te kraze, epi pandan plizyè jou yo te sibi gwo defèt.

Menm jan ak Women yo, ou ka rann pouvwa ou genyen an initil lè'w antre nan batay BonDye pa't janm rele'w pou mennen. Gen kèk konba ki pa pou ou. BonDye pa rele'w pou genyen tout batay pou kont ou, men pou'w disène nan kiyès Li ye. Tire revanj se pou Senyè a. Lè'w kite BonDye goumen pou ou, ou prezève fòs ou pou misyon Li ba'w yo.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ban'm sajès pou'm konnen ki batay mwen dwe mennen ane sa a. Pandan'm remèt tout sitiyasyon nan men Ou, siksè mwen garanti.

DEKLARASYON PWOFETIK

M'ap sèvi yon BonDye ki goumen pou mwen. Lè'm remèt sitiyasyon'm yo bay BonDye, viktwa garanti, kèlkeswa advèsè a!

ETID KONPLEMANTÈ
Egzòd 14:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 290
Jeremi 22-23; 1 Timote 4



GoodNews DAILY

WÈ PI LWEN PASE SA KI DEYÒ A

1 Samyèl 16:7 (MSG)
BonDye di Samyèl: "Pa gade aparans li ni wotè li. Mwen deja rejte li. BonDye pa jije menm jan ak lèzòm. Moun gade aparans deyò, men Senyè a gade kè a."

Michelangelo, atis Renesans la, te renome kòm yon gran pent, achitèk ak eskiltè. Li te kreye zèv tankou estati David la, Pietà a ak plafon Chapèl Sistin nan. Sa ki te fè'l diferan se kapasite'l te genyen pou wè sa lòt moun pa't wè. Kote lòt moun te wè sèlman yon blòk mab, Michelangelo te wè fòm ki te kache anndan'l. Li te wè David kote lòt moun te wè sèlman wòch.

BonDye, Gran Eskiltè linivè a, wè'w atravè je potansyèl selon plan Li, pa selon kondisyon'w ye jodiya. Li pa gade aparans deyò tankou moun fè; Li gade pi fon, Li gade kè a. Ou se travay men Li, Li kreye'w nan Kris Jezi pou bon zèv. Kite Li fini travay Li te kòmanse nan ou pandan Li ap fòme chèfdèv Li a.

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye, ranplase je lachè'm ak je lespri a pou'm ka rekonèt bon travay Ou kòmanse nan mwen an.

DEKLARASYON PWOFETIK

BonDye wè potansyèl ki nan mwen! Avèk yon kè ki devwe a Pawòl Li ak travay Li, mwen konnen Li ap fè yon chèfdèv ak lavi'm.

ETID KONPLEMANTÈ
Filip 1:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 291
Jeremi 24-26; 1 Timote 5



GoodNews DAILY

JEZI SE VERITE A

Jan 14:6 (KJV)
Jezi di li: "Mwen se chemen an, verite a ak lavi a. Pèsonn pa vin jwenn Papa a si se pa atravè mwen."

Malgre tribinal yo baze jijman yo sou sa yo rele verite, ekspè yo estime gen kèk moun ki nan prizon malgre yo inosan. Sa pa toujou paske jij oswa jiri yo pran move desizyon, men paske jijman yo pa baze sou verite pafè BonDye a.

Yon lavi nan Kris depase erè lèzòm; li konnen sa ki nan kè moun. Verite sou kiyès Li ye depase senp reyalite epi revele menm motivasyon nou yo. Lè nou konnen Jezi se verite a, sa konfime fondasyon chak pawòl ki nan Ekriti yo. Menm jan Li pa chanje, pwomès Li yo pa chanje nonplis. Lè Li deklare gerizon, pwovizyon ak pwoteksyon, sa pa't erè yon jij oswa yon jiri; se Verite a menm ki te pale!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè Jezi, mèsi paske Ou se Verite ki pa janm echwe. Pandan m'ap pase jounen'm nan, gide'm nan tout chemen'm yo epi kite verite Ou dirije desizyon ak aksyon'm yo. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pawòl BonDye a se verite ki pa chanje, li fyab e li san erè. Pandan mwen fè Pawòl Li konfyans, konfizyon, dezespwa ak twoub rete lwen mwen!

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 1:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 292
Jeremi 27-29; 1 Timote 6

GoodNews DAILY

SÈR BONDYE A

Sòm 1:3 (MSG)
...Ou pran plezi nan Pawòl BonDye a, ou medite sou li lajounen kou lannwit. Ou tankou yon pyebwa replante nan jaden Edenn, k'ap bay fwi chak mwa, fèy li pa janm fennen, li toujou an flè.

Nan òtikilti, yon sèr kreye yon anviwònman kontwole kote plant yo ka grandi kèlkeswa move tan an deyò a. Tanperati, limyè ak kondisyon yo regle pou kwasans lan pa depann de sezon yo. Menm jan an tou, Pawòl BonDye a se anviwònman pafè a. Lè'w rete anrasinen ladan'l, kwasans ou pa depann de sa k'ap pase bò kote'w.

Ekriti yo konpare pitit BonDye yo ak pyebwa ki toujou ap bay fwi, ki pa janm pèdi fèy, epi ki toujou ap fleri. Se rezilta lè yon moun plante nan bon anviwònman an. Se pa sikonstans ki kontwole'w. Yo fè'w tounen yon depo solisyon. Kèlkeswa domèn ou ye, yo kreye'w pou pwodwi rezilta!

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye, mèsi paske'W fè'm briye kèlkeswa anviwònman an. Mwen konnen lè'm fè Pawòl Ou konfyans, mwen plis pase yon vanyan sòlda!

DEKLARASYON PWOFETIK

Yo kreye'm pou'm genyen sou pwoblèm yo! Kèlkeswa sitiyasyon an, mwen se yon gayan, epi dyab la pa gen okenn chans kont mwen!

ETID KONPLEMANTÈ
Jeremi 32:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 293
Jeremi 30-31; 2 Timote 1



MEDIKAMAN BONDYE A

Sòm 107:20 (NIV)
Li voye Pawòl Li a epi Li geri yo; Li delivre yo anba destriksyon.

Pifò pwofesyonèl nan domèn medikal, kit se doktè, enfimyè, paramedik oswa lòt espesyalis, resevwa fòmasyon pou dyagnostike oswa soulaje maladi. Menm si gen gerizon pou plizyè maladi, lanmò ak maladi toujou ap afekte dè milya moun atravè lemond. Malgre gwo konesans yo genyen sou tretman yo, pousantaj moun k'ap mouri nan mitan pwofesyonèl medikal yo pa diferan anpil de pa popilasyon an an jeneral.

Solisyon pou sante'w pa limite ak lopital. Senyè Jezi bay chak pitit Li lavi etènèl. Lavi sa a rive nan tout pati nan egzistans ou. Aprann mache nan sa BonDye fè'w ye. Pawòl BonDye a se medikaman pou kò'w; plis dòz la ogmante, se pi vit gerizon an rive!

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Senyè, paske'W pèmèt mwen mache nan sante divin! Pandan m'ap pase semèn nan, ede'm sèvi lòt moun ak menm gerizon divin sa a, nan non puisan Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Maladi ak enfimite detwi pa pouvwa Pawòl BonDye a! Lè'm pran yon dòz Pawòl Li a, mwen vrèman lib, nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ
Mak 5:34

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 294
Jeremi 32–33; 2 Timote 2



GoodNews DAILY

DEFANS BOKSÈ A

Lik 18:1 (KJV)
Li rakonte yo yon parabòl pou montre yo ke moun dwe toujou priye epi pa dekouraje.

Nan boks ak atizay konba melanje yo, youn nan premye leson yon konbatan aprann se kenbe men li anlè tout tan. Lè yon konbatan bese men li, menm pou yon ti moman, li ekspoze tèt li devan atak advèsè li.

Rezon ki fè anpil kretyen echwe, menm lè yo gen pouvwa lapriyè a, se paske yo priye sèlman lè pwoblèm rive. Sa sanble ak leve men'w apre kout pwen advèsè a deja frape. Si'w tann pwoblèm rive pou priye, ou rive twò ta. Tankou yon bon boksè ki antrene byen, ou dwe toujou rete nan pozisyon defans. Kenbe men'w anlè menm anvan batay la kòmanse. Rete nan kominyon konstan ak BonDye atravè lapriyè, konsa lè lènmi an atake, ou toujou pare pou bay dènye kou viktwa a!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, mèsi pou kado lapriyè a. Ede'm rete fidèl nan kominyon avè'W, pou'm pa janm pran pa sipriz, men toujou ranfòse epi pare pou genyen.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon ekspè nan lagè espirityèl! Menm jan yon boksè toujou kenbe men li anlè, mwen rete nan plas lapriyè, toujou pare pou frape lènmi an!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Tesalonik 5:16-18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 295
Jeremi 34–46; 2 Timote 3



GoodNews DAILY

GWO EKSPLWA YO

Danyèl 11:32 (KJV)
Men moun ki konnen BonDye yo ap vin fò epi y'ap fè gwo eksplwa.

Nan tout Bib la, nou wè BonDye fè gwo bagay atravè gason, fanm, granmoun ak jèn. Men jodiya, dè milyon kretyen toujou pa rive manifeste menm pouvwa sa a. Rezon an senp: Ekriti yo montre nou ke youn nan kondisyon pou libere pouvwa BonDye mete nan ou se kominyon avèk Li.

Kris te di ke nan dènye jou sa yo, chak pitit BonDye resevwa manda pou fè pi gwo zèv toujou. Responsablite pou akonpli pwofesi sa a depann de ou menm: antre pi fon nan relasyon'w ak BonDye epi vin yon etidyan Pawòl Li. Plis ou pran tan pou konnen kiyès Li ye, se plis ou dekouvri kiyès Li fè'w ye nan Kris!

PRIYÈ POU JODIYA

Ede'm antre pi fon nan mèvèy Pawòl Ou a, pou'm genyen yon pi gwo konpreyansyon sou kiyès Ou ye, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

M'ap fè gwo eksplwa nan ane Lwil Etranj sa a, paske mwen se pwodwi Kreyatè linivè a!

ETID KONPLEMANTÈ
Filip 3:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 296
Lik 20:27-47; Sòm 110-112



GoodNews DAILY

VRÈ IMAJ OU GENYEN DE TÈT OU

Jak 1:23-24 (KJV)
Paske si yon moun tande Pawòl la san li pa pratike'l, li tankou yon moun k'ap gade figi natirèl li nan yon glas. Apre li fin gade tèt li, li ale epi li bliye ki kalite moun li ye.

Chak jou anvan'w kite kay la, pwobableman ou gade tèt ou nan glas pou asire tout bagay anfòm. Glas la montre yon imaj ou rekonèt epi'w chwazi kenbe. Pawòl BonDye a sanble ak yon glas; li gen pouvwa pou konstwi idantite espirityèl ou.

Pafwa kretyen yo li Ekriti yo, yo wè kiyès yo ye nan Kris, men yo bliye sa yo te wè nan glas Pawòl la. Konsa, yo pase jounen yo san yo pa kite pòtrè espirityèl sa a gide aksyon yo. Pwoblèm nan se pa mank transfòmasyon—ou deja transfòme nèt epi ini ak Lespri Li. Men, se lè'w pratike Pawòl la vrè idantite'w vin parèt pi klè chak jou.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, pandan m'ap pase semèn sa a, gide chak pa mwen. Ede'm mete an pratik chak pawòl Ou pale yo, kèlkeswa sikonstans yo.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lè moun wè'm, yo wè Kris. Mwen se yon refleksyon divinite, pa sèlman paske'm tande Pawòl la, men paske'm viv li!

ETID KONPLEMANTÈ
Efèz 2:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 297
Jeremi 37–39; 2 Timote 4



KANPE NAN BRÈCH LA

Filip 2:12 (KJV)
Se poutèt sa, zanmi'm yo, jan nou te toujou obeyi a, pa sèlman lè'm la, men kounye a pi plis pandan'm pa la a. Travay pou sali pa nou avèk krentif ak tranbleman.

Nan mitan tibilans lavi a, ou ka tande kretyen di yo pral "kanpe nan brèch la" pou ou nan lapriyè. Menm si lapriyè sa yo ak pawòl ankourajman yo ka pote gras, gerizon ak pwosperite, Ekriti yo klè: lavi'w nan Kris se yon relasyon ou menm dwe devlope pèsonèlman.

Entèsesyon se yon zouti puisan e nesesè nan kò Kris la, men Ekriti yo rele chak moun pou travay sali pa yo pèsonèlman. Kit se otorite espirityèl ou, papa'w, manman'w, sè'w oswa frè'w, BonDye mete yo nan lavi'w pou ede'w mache avè'L, pa pou ranplase relasyon pèsonèl ou avèk Li. Li Ekriti yo epi aprann konnen Li pou tèt pa'w. W'ap wè jan lavi'w ap chanje.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa ki nan syèl la, mèsi pou kado entèsesyon ak kominyon avèk Ou. Pandan m'ap kontinye li Pawòl Ou a, m'ap transfòme soti anndan pou rive deyò!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen konnen Senyè Jezi pou tèt pa mwen! Lè m'ap li Pawòl BonDye a, m'ap devlope yon relasyon pèsonèl avèk Li chak jou.

ETID KONPLEMANTÈ
Kolòs 1:9-10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 298
Jeremi 40–42; Tit 1



GoodNews DAILY

MACHIN MYÈL LA

1 Korint 12:21-22 (KJV)
Je a pa ka di men an: “Mwen pa bezwen ou”; ni tèt la pa ka di pye yo: “Mwen pa bezwen nou.” Okontrè, manm kò yo ki sanble pi fèb yo se yo menm ki pi nesesè.

Malgre myèl la sanble piti ak senp, li jwe yon wòl esansyèl nan lavi sou latè. San myèl ak lòt ensèk polinizatè yo, mond lan t’ap fè fas ak yon gwo kriz ki t’ap afekte yon gwo pati nan pwodiksyon manje. Li fasil pou nou limite enpòtans myèl yo ak sa nou wè devan je nou, men vrè enpak yo esansyèl pou siviv nou. Menm jan an tou, sa aplike ak anpil pitit BonDye.

Anpil kretyen panse paske wòl yo sanble piti oswa san enpòtans, efò yo pa konte. Men sa pa vre ditou. Lè BonDye gade’w, Li wè gwo tablo a, pa sèlman sa ki vizib nan mond natirèl la. Ou se yon manm nan Kò Kris la, e ou esansyèl pou avansman Wayòm Li an. Ou pa gen lòt chwa ke briye nan tout sa w’ap fè.

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye, mèsi pou don Ou mete nan mwen an. Kèlkeswa fason m’ap sèvi, sa enpòtan pou mennen lòt moun nan konesans Kris.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon manm nan Kò Kris la. Travay mwen esansyèl pou mond lan, epi mwen pa gen lòt chwa ke reyisi nan ane Lwil Etranj sa a.

ETID KONPLEMANTÈ
Kolòs 3:23-24

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 299
Jeremi 43-45; Tit 2



LIY TELEFÒN BONDYE A

Matye 22:14 (KJV)
Paske gen anpil moun ki rele, men se kèk sèlman ki chwazi.

Si'w te janm sèvi ak yon ansyen telefòn ak disk pou konpoze nimewo, ou konnen son li fè lè yon moun ap rele'w. Son an rapid, regilye, epi li difisil pou inyore. Apèl BonDye a vini ak menm plis fòs. Chak kretyen resevwa don ak yon apèl pou pran plas li nan avansman Wayòm BonDye a, men responsablite a rete sou chak moun pou reponn a apèl sa a.

Kit ou espesyalize nan teknoloji, mizik, biznis oswa bèl atizay, tout se mwayen BonDye ba ou pou bati kò Kris la epi gaye Levanjil la. Liy telefòn BonDye a ap sonnen. Pa kite apèl Li rete san repons pandan w'ap chita sou kote. Aji jodiya!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, Pawòl Ou yo toujou verite! Mwen rekonesan pou chak don Ou mete nan mwen. Mwen pral sèvi ak yo pou glorifye non Ou atravè lemonn.

DEKLARASYON PWOFETIK

BonDye rele'm pou'm aji, epi mwen p'ap inyore apèl sa a. Mwen pral sèvi ak don Li ban mwen yo pou benefis Kò Kris la, nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 8:28

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 300
Jeremi 46-47; Tit 3



GoodNews DAILY

FWI PYE FIG LA

Mak 11:13-14 (KJV)
Li wè yon pye fig byen lwen ki te gen fèy. Li pwoche pou wè si li ta jwenn fwi sou li. Men lè li rive, li pa jwenn anyen lòt ke fèy, paske se pa't sezon fig yo ankò. Jezi di pyebwa a: "Pèsonn p'ap janm manje fwi sou ou ankò." E disip li yo te tande sa.

Istwa sa a soulve yon kestyon enpòtan: Poukisa Kreyatè linivè a ta madichonnen yon pyebwa paske li pa't pote fwi, pandan Li te konnen se pa't sezon an? Repons lan senp. Sa depann de sa pyebwa a te reprezante. Kapasite tout kreyasyon pa mezire selon sa mond lan wè, men selon sa BonDye deklare sou li.

Lè Jezi te pale, Li te adrese pyebwa a selon kapasite BonDye te mete ladan'l, pa selon sezon li. Pa kite sa je natirèl ou wè limite kote BonDye vle mennen'w. Pawòl BonDye a etabli kapasite'w. Kèlkeswa orijin ou, travay ou oswa sikonstans ou, w'ap pote fwi paske Senyè Jezi te di sa.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske'W fè'm tounen yon benefisyè gras ekstraòdinè Ou a! Ou anbeli lavi'm ak lavi fanmi'm atravè Pawòl Ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen toujou pote fwi, kèlkeswa sezon an. Gras BonDye a anile limit mond lan te mete sou mwen!

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 13:34-35

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 301
Jeremi 48-49; Filemon



GoodNews DAILY

DISTRIBITÈ LANMOU

1 Jan 4:20 (NIV)
Si yon moun di li renmen BonDye men li rayi frè li oswa sè li, li se yon mantè. Paske si li pa renmen moun li wè, kijan li ka renmen BonDye li pa wè?

Kontrèman ak lòt relijyon ki itilize rad, manje oswa senbòl pou idantifye disip yo, Krisyanis la idantifye pa lanmou nou montre lòt moun. Lanmou se prèv Kris nan nou. Pawòl BonDye a klè: si'w pa ka renmen moun ou wè, men ou pretann ou renmen BonDye ou pa wè, ou se yon mantè.

Depi lè'w te bay Kris lavi'w, ou te adopte nati divin, wayal ak plen lanmou Li a. Antanke pitit Li, lanmou deja fè pati karaktè'w. Ou fèt nan BonDye, epi BonDye se lanmou. Kite lanmou Li ki nan ou koule lib nan mond lan.

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Senyè, pou lanmou Ou montre'm nan. Mwen pral yon refleksyon menm lanmou sa a pou tout moun mwen rankontre.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lafwa'm nan Kris manifeste atravè lanmou mwen montre tout moun. Nan ane Lwil Etranj sa a, mwen se yon distribitè lanmou!

ETID KONPLEMANTÈ
Matye 18:21-22

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 302
Jeremi 50; Ebre 1



GoodNews DAILY

PA DÒMI!

Pwovèb 24:33-34 (ISV)
“Yon ti dòmi! Yon ti kabicha! Yon ti poze men pou repoze!” Lè sa a, povrete ap tonbe sou ou tankou yon vòlè, epi bezwen’w yo tankou yon bandi ame.

Ekspè sou sante estime lavi yon granmoun dire anviwon swasanndis rive swasann-kenz ane, epi pifò moun dòmi uit rive dis èdtan pa jou. Sa vle di pandan tout lavi yon moun, li ka pase prèske vennsenk ane ap dòmi! Vèsè jodiya revele yon verite biblik ki frapan: repoze nan move moman ka louvri pòt pou povrete.

Antanke pitit BonDye, ou dwe viv yon lavi aktif. Pa repoze lè gen travay pou fè ak nanm pou genyen! Dòmi twòp, parès ak neglijans se zouti dyab la itilize pou detwi moun. Pa abitye ak yon lavi san aktivite, paske li pa pwodui anyen lòt pase povrete ak destriksyon.

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye, ban mwen enèji ak volonte pou akonpli plan Ou pou mwen ane sa a. Kenbe’m vijilan ak disipline pou’m pwofite chak opòtinite Ou mete devan’m, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pap kite lènmi an sèvi ak zam parès la pou deranje plan BonDye pou lavi’m. Mwen refize rete san fè anyen lè gen travay Wayòm nan pou fèt.

ETID KONPLEMANTÈ
Pwovèb 10:4

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 303
Lik 21:1-19; Sòm 113-115



GoodNews DAILY

PI WO PASE ETA CHIT LA

Ezayi 24:5-6 (NIV)
Tè a sal anba moun k'ap viv ladan'l yo; yo dezobeyi lwa yo, yo kraze alyans etènèl la. Se poutèt sa madichon an devore tè a, epi moun yo pote konsekans peche yo.

Imajine sa: menm bèl dlo Victoria Falls yo ak gwo mòn Himalaya yo, dapre Ekriti yo, se pati nan yon mond ki chite. Depi lè Adan te tonbe nan Jaden Edenn lan epi peche te antre nan mond lan, maladi, pouriti ak lanmò te antre tou—bagay BonDye pa't janm gen entansyon pou pitit Li yo.

Anpil kretyen viv tankou bagay òdinè mond lan se nòmal, men Pawòl BonDye a montre nou eta mond ki chite a pa estanda nou. Yo rele'w pou yon nivo lavi ki pi wo nan Kris, kote manti dyab la pa gen plas.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè Jezi, mèsi pou sakrifis Ou sou lakwa a. Mèsi paske W'ap viv nan mwen epi'W ban mwen fòs pou'm mache nan viktwa total chak jou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Nan Kris, mwen pa yon viktim ankò men yon gayan! Maladi, pouriti ak pwoblèm mond lan pa pòsyon pa'm. Mwen se pitit BonDye; mwen viv pi wo pase eta mond ki chite a!

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 12:2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 304
Jeremi 51-52; Ebre 2



GoodNews DAILY

RESEPTÈ ESPIRITYÈL YO

Jenèz 28:16 (NIV)
Lè Jakòb leve nan dòmi li, li di: "Vrèman vre, Senyè a nan plas sa a, epi mwen pa't konnen sa."

Malgre gwo pwogrè ki fèt pou anseye kretyen yo kiyès yo ye nan Kris ak privilèj espirityèl yo genyen kòm pitit BonDye, anpil toujou ap lite anba chay sikonstans lavi yo. Sa soulve yon kestyon enpòtan: Poukisa kèk moun sanble ap viv richès lavi nan Kris la pi plis pase lòt moun?

Nan vèsè jodiya, Jakòb rive konprann Senyè a te prezan, men li pa't rekonèt sa. Se sèlman lè li te reveye li te vin konsyan de sa. Prezans BonDye pa absan; souvan se nou ki pa rekonèt li. Toutotan ou pa vijilan espirityèlman, ou p'ap janm eksperimante tout sa BonDye pwomèt nan Pawòl Li. Kwasans kretyen an mande pou aprann rekonèt prezans Li ak vwa Li atravè tan nou pase nan Pawòl Li.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè Jezi, mwen tèlman rekonesan paske Ou toujou toupre'm. Lanmou Ou pa gen limit, epi gras Ou san mezi. Non Ou beni pou tout tan!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen konnen kijan pou'm rekonèt prezans BonDye! Lè Li toupre, yo p'ap jwenn mwen ap dòmi. Reseptè espirityèl mwen yo toujou an alèt!

ETID KONPLEMANTÈ
Ezayi 30:21

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 305
Lamantasyon 1-2; Ebre 3



MWEN PA WONT

Travay 4:18
Yo te bay yo lòd pou yo pa pale ni anseye ditou nan non Jezi.

Gen yon bagay espesyal nan Non Jezi a ke mond lan pa ka inyore. Non sa a pote pouvwa, otorite ak delivrans. Pa gen okenn non ki pi wo pase Li ni nan syèl la, ni sou tè a, ni anba tè a. Menm lènmi an tranble lè yo mansyone Non sa a.

Apot Piè ak Jan te resevwa lòd pou yo sispann pale nan Non Jezi, paske chèf relijye yo te wè pouvwa Non sa a te genyen. Lavi moun t'ap transfòme, malad t'ap geri, epi anpil moun t'ap tounen vin jwenn BonDye. Yo te konprann ke toutotan yo kontinye pwoklame Non Jezi, Wayòm BonDye a t'ap kontinye grandi.

Menm jodiya, mond lan ka eseye fè Non sa a fè silans. Li ka rejte'l oswa opoze avè'l, men nou konnen laverite a: Non Jezi se pouvwa nou pou delivrans. Se poutèt sa nou p'ap rete an silans. Nou pral kontinye pwoklame Non Li avèk odas lajounen kou lannuit, paske nan Li gen lavi, libète ak viktwa.

PRIYÈ POU JODIYA

Mwen pa wont Levanjil la ni Non Jezi a, paske se pouvwa BonDye pou delivrans nou, nan non puisan Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Nou pral pale de Non Jezi avèk kouraj sou granchemen, nan ti chemen, sou tout wout ak nan nenpòt lòt kote. Nou refize kite mond lan ak sistèm li yo fè nou fè silans, nan non puisan Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Travay 4:29

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 306
Plenn 3–5; Ebre 4



GoodNews DAILY

ANNAVAN!

1 Korint 16:9
...Paske yon gwo pòt ouvri devan mwen pou yon sèvis efikas [nan Efèz, yon opòtinite ki plen pwomès], men gen anpil advèsè.

BonDye espesyalize nan louvri pòt pou pitit Li yo—gwo pòt, pòt ki gen sans, pòt ki ka chanje lavi yon moun—menm jan Li te fè pou Apot Pòl. Men Pòl fè nou konprann ke menm lè pòt la louvri, opozisyon ka toujou parèt.

Verite a se ke se pa tout moun ki kontan wè pwogrè'w. Gen kèk ki ta prefere wè'w echwe. Obstak ka leve, defi ka parèt, men sonje yon bagay: pòt BonDye louvri yo, pèsonn pa ka fèmen yo.

Pa konsantre sou opozisyon an. Kenbe je'w fikse sou BonDye, Sila ki pi gran pase tout rezistans e ki kapab kraze tout plan lènmi an.

PRIYÈ POU JODIYA

Pa otorite Sentespri a, mwen retire tout obstak ak tout baryè sou chemen'm. Mwen dekrete epi mwen deklare ke pèsonn pa ka bloke pwogrè ak avansman'm nan lavi a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Avèk BonDye mwen travèse lame, epi'm sote miray. Tout obstak, tout rezistans ak tout opozisyon kont pwogrè'm kraze nan non puisan Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 18:29

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 307
Ezekyèl 1–2; Ebre 5

GoodNews DAILY

ANRASINEN NAN KRIS

Kolòs 2:7
Anrasinen e bati lavi nou sou Li, etabli nou nan lafwa jan nou te resevwa ansèyman an.

Mo “anrasinen” an soti nan mo grèk “rhizoo” ki vle di byen plante ak byen etabli. Kòm pitit BonDye, fòs ak estabilite’w soti nan lefèt ke’w ankre nan Kris atravè Pawòl Li.

Ou vin anrasinen lè’w pase tan regilyèman ap etidye ak medite sou Ekriti yo. Pawòl BonDye a revele Jezi, epi plis ou konsantre sou li, plis ou kòmanse sanble ak Li. Chanjman an pa toujou fèt touswit, men li sèten lè’w rete nan Pawòl la.

Pandan w’ap grandi nan Pawòl la, fondasyon’w vin pi solid. Ou pa fasil souke ankò pa defi lavi yo ni pa diferan ansèyman ki vle twonpe’w. Ou rete fèm, inebranlab, estab ak plen lafwa.

Yon Kretyen ki byen anrasinen nan Kris ap toujou pote fwi nan tout sezon.

PRIYÈ POU JODIYA

Pandan m’ap rete nan Pawòl Ou, m’ap transfòme pou’m vin sanble ak Ou, soti nan laglwa pou rive nan laglwa. Chak jou lavi’m ap reflete nati Ou pi plis, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lafwa’m anrasinen epi etabli nan Senyè a. Mwen pa deplase pa sikonstans oswa fo ansèyman. Mwen rete fèm e san ezitasyon nan Kris, nan Non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 1:2-3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 308
Ezekyèl 3–4; Ebre 6



GoodNews DAILY

LAGÈ BONDYE A

2 Istwa 20:21
Lwanj pou Senyè a, paske mizèrikòd Li dire pou tout tan.

Lè Wa Jozafa ak pèp Jida te jwenn tèt yo devan yon gwo lènmi, yo te chèche èd Senyè a. Repons BonDye te revele yon verite puisan: lagè a pa't pou yo, men pou BonDye.

Konbyen fwa nou menm kòm pitit BonDye nou konsantre plis sou lènmi an pase sou BonDye ki gen tout pouvwa sou nenpòt sitiyasyon? BonDye te mande Jozafa ak pèp la antre nan batay la avèk louwanj, fè adorasyon tounen yon zam.

Lè'w louwe e adore BonDye, Li kòmanse goumen pou ou. Li mete Pièj kont lènmi'w yo epi viktwa a vin sèten. BonDye gen mizèrikòd, epi mizèrikòd Li pral pale an favè'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen remèsye'W paske mizèrikòd Ou renouvle chak maten sou tout aspè lavi'm. Mwen fè'W konfyans nan tout batay mwen yo.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete epi mwen deklare BonDye sou bò pa'm, e pèsonn pa kapab kanpe kont mwen. Bonte ak mizèrikòd Li ap swiv mwen tout lavi'm, nan non puisan Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 8:31

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 309
Ezekyèl 5–7; Ebre 7



GoodNews DAILY

MINISTÈ REKONSILYASYON AN

2 Korint 5:19
...Li konfye nou pawòl rekonsilyasyon an.

BonDye rele pitit Li yo pou ministè rekonsilyasyon an, sa vle di pou mennen mond lan tounen jwenn Li atravè Jezi Kris. Syèl la kontan pou yon sèl pechè ki repanti, sa montre kijan chak nanm gen anpil valè devan BonDye.

Responsablite pou genyen nanm yo pa rezève pou kèk moun sèlman; li se misyon chak pitit BonDye. Nou rele pou pote mesaj restorasyon an epi pou montre lòt moun chemen ki mennen ak Kris la. Jezi te sou kwa a pou Li te ka mennen tout moun a Li menm, e nou fè pati de manda sa. Nou pa dwe janm pran devwa sa pou yon bagay san enpòtans, men nou dwe onore privilèj nou genyen pou'n mennen sa'k pa sove yo bay BonDye.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, ogmante sajès mwen chak jou pou genyen nanm. Ban'm odas pou pale pawòl lavi ak restorasyon bay moun ki pa konnen'W.

DEKLARASYON PWOFETIK

Favè pou genyen yon vilaj, yon vil ak yon nasyon pou Kris nan yon sèl jou se pòsyon'm. Mwen gen kouraj, mwen konstan, epi'm pa ka sispann nan travay genyen nanm yo, nan Non puisan Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Matye 28:19-20

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 310
Ezekyèl 8–10; Ebre 8



IMINITE DIPLOMATIK

Jenèz 31:29
Fè atansyon pou ou pa fè Jakòb okenn mal ni pa menase li!

Kòm yon pitit BonDye, ou pote yon iminite divin. Dapre lòd BonDye, lènmi'w yo gen limit; yo pa ka travèse liy BonDye trase a pou fè'w mal. Idantite'w nan Kris se pwoteksyon ak defans ou. BonDye wè tout entansyon kache yo. Anyen pa chape anba je Li. Anvan lènmi an aji, BonDye deja entèvni pou kraze plan li yo. Sa se konfyans ou; syèl la ap veye sou ou san rete.

Menm jan BonDye te avèti Laban pou'l pa manyen Jakòb, Li mete limit alantou lavi'w. Tout atak, kit li fizik oswa espirityèl, arete anvan li rive jwenn ou. Sa se eritaj ou kòm yon anbasadè Kris. Mache avèk kouraj, paske'w gen pwoteksyon divin.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, pa otorite Sentespri, mwen dekrete ke tout sa lènmi an ap planifye nan imajinasyon yo pran fen totalman. Tout plan enmi an detwi, nan non puisan Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen gen iminite kont tout atak sipriz lènmi an nan nenpòt domèn lavi'm. Mwen pwoteje e mwen anba defans BonDye, nan non puisan Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Tesalonik 3:3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 311
Ezekyèl 11–13; Ebre 9



KAPASITE REJENERASYON

Pwovèb 23:2
Mete kouto nan gòj ou si'w pa ka kontwole apeti'w.

BonDye vle pitit Li yo viv lavi ki plen, ki long e ki pote anpil fwi. Ekriti yo montre ke rive viv san ane oswa plis ta dwe yon bagay nòmal; nenpòt bagay ki mwens pase sa reflete yon lavi ki koupe kout. Youn nan kle pou lonjevite se disiplin, espesyalman nan kesyon apeti.

Jèn pa sèlman evite manje; se yon zak espirityèl ki aliyen kò ak lespri nou ak objektif BonDye. Lè'w soumèt apeti'w, ou louvri pòt pou fòs ak renouvèlman. Menm rechèch montre que jèn aktive selil nan kò nou ki renouvle jenès.

Menm pouvwa ki te leve Jezi soti vivan nan lanmò a ap viv nan ou. Ou pa anba destriksyon oswa lanmò avan lè. Lavi BonDye ki nan ou a gen kapasite pou renouvle, restore ak soutni'w pi lwen pase limit natirèl yo. Pandan w'ap angaje'w nan yon vi lapriyè ak jèn, atann yon rafrechisman nan kò'w, lespri'w, ak nanm ou.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, pandan m'ap konsakre tèt mwen nan jèn ak lapriyè, renouvle fòs mwen tankou èg epi ranfòse kò'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen deklare lonjevite sou lavi'm. Tout plan lanmò avan lè anile nan non puisan Jezi Kris. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 91:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 312
Lik 21:20-38; Sòm 116-118



GoodNews DAILY

SAJÈS SAKAL

1 Samyèl 18:14
E David te konpòte li avèk sajès nan tout sa li t'ap fè, e Senyè a te avèk li.

Sajès se bagay prensipal. Jak ankouraje nou: si yon moun manke sajès, mande BonDye, ki bay san ezitasyon san'l pa jwenn fot, epi l'ap ba li'l. Lavi David te remakab poutèt sajès divin sa—sakal. Li te pran bon desizyon paske BonDye te avè'l.

Ou menm tou, ou kapab grandi nan sajès epi mache nan vrè siksè. Bib la montre'n ke Jezi Kris se sajès ak pouvwa BonDye. Ne de nouvo vle di Kris, espwa laglwa a, ap viv nan ou—sa vle di sajès deja anndan'w, ap ogmante pandan w'ap pase tan nan Pawòl BonDye a. Jozye te resevwa enstriksyon pou'l medite sou Pawòl la lajounen kou lannwit, e kòm rezilta, li t'ap pwospere epi li t'ap gen bon siksè. "Bon siksè" sa a se menm sajès sakal la nou wè nan lavi David, sajès ki pwodui rezilta.

Fè Pawòl BonDye a tounen estanda lavi'w epi pouswiv sajès avèk entansyon. Lè'w fè sa, w'ap mache nan klète, direksyon, ak siksè diven.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, pandan m'ap manje Pawòl Ou, mwen vin pi sanble ak Ou. Mwen grandi soti nan yon nivo sajès pou rive nan yon lòt nan non puisan Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Fanmi'm avè'm p'ap konte pami moun ki san sajès. Nou mache nan sajès nan tout sa n'ap fè; kidonk, nou p'ap echwe. Bon siksè ak pwosperite se pòsyon nou.

ETID KONPLEMANTÈ
Jozye 1:8

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 313
Ezekyèl 14–15; Ebre 10



GoodNews DAILY

POZISYON ONÈ

Matye 13:58
Li pa't fè anpil mirak la paske yo pa't kwè.

BonDye souvan itilize sa ki sanble ensiyifyan pou akonpli gwo bagay. Nan Bib la, moun BonDye te chwazi yo pa't toujou pi kalifye nan je lèzòm, men yo te pote gras divin.

Familiarite ka anpeche moun wè grandè. Lè moun ki te nan vil kote Jezi te fèt la te wè Li, yo pa't rekonèt nati divin Li. Yo te redwi Li a "pitit chapantè a," e lè yo te fè sa, yo te dezonore gras ki te sou lavi'L. Malgre pouvwa te prezan, mank onè yo te limite sa yo te kapab resevwa. Onè se yon kle espirityèl. Li mete'w nan pozisyon pou jwenn aksè a sa BonDye te depoze nan lòt moun. Lè'w rekonèt epi respekte gras ki sou moun—sitou moun BonDye mete pi wo pase'w—ou alinye'w ak benediksyon. Dezonè, bò kote pa'l, ka fèmen pòt ke lapriyè ak jèn poukont yo pa ka louvri.

Aprann disène gras byen vit epi reponn avèk imilite ak respè. Pafwa, sa ki debloke pwochen nivo'w la se pa plis efò, men yon pozisyon onè.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, ban'm yon lespri ki gen imilite ak kapasite pou aprann. Ede'm rekonèt epi onore moun Ou mete nan lavi'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen mache nan sajès ak disènman. Mwen rekonèt gras epi'm onore'l. Pandan'm pratike onè, lavi'm avanse epi pòt louvri devan'm.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Timote 5:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 314
Ezekyèl 16–17; Ebre 11



GoodNews DAILY

SANTINÈL YO, LEVE!

Ezekyèl 22:30
Mwen t'ap chèche yon moun pami yo ki ta rebati miray la epi kanpe nan brèch la devan Mwen pou peyi a, pou Mwen pa detwi li; men Mwen pa jwenn okenn.

Yon Kretyen ki pa priye se tankou yon peyi ki pa gen sistèm defans. Peyi modèn yo envesti anpil nan sistèm pou pwoteje kont avyon, drónn, ak misil. San pwoteksyon sa, lènmi an jwenn aksè san restriksyon, sa ki lakòz destriksyon ak soufrans. San pwoteksyon, lènmi an antre fasil epi li pote destriksyon ak soufrans.
Se kri sa BonDye te fè nan tèks nou an. BonDye pa't vle jije Izrayèl, men pa't gen moun pou kanpe nan brèch la. Moun tankou Moyiz ak Abraram te konprann pouvwa entèsesyon an. Atravè lapriyè yo, BonDye te montre mizèrikòd epi'L te kanpe jijman. Lapriyè pa yon senp abitid; se yon responsablite espirityèl. Li etabli pwoteksyon sou peyi, vil, fanmi ak moun. Lè'n priye, fòs demonyak yo bloke epi lòd diven an libere. Silans nan lespri a ekspoze lavi ak teritwa an danje yo, men lapriyè konsistan pwoteje yo. BonDye toujou ap rele santinèl, moun ki pral leve kanpe epi pran responsablite nan lespri a.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, abiye'm ak gras pou'm viv yon lavi entèsesyon san rete, nan non puisan Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen leve kòm yon santinèl nan jenerasyon'm nan. Miray ki antoure peyi'm, vil mwen, fanmi'm ak destine'm yo fòtifye lè'm kanpe nan brèch la. Viktwa a sèten lè'm pèsevere nan lapriyè.

ETID KONPLEMANTÈ
Jenèz 18:23-25

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 315
Ezekyèl 18–19; Ebre 12



GoodNews DAILY

VALE BENEDIKSYON AN

2 Wa 3:17
Paske men sa Senyè a di: Nou p'ap wè van, nou p'ap wè lapli, men vale sa a pral plen dlo, pou nou menm, betay nou yo ak bèt nou yo ka bwè.

Wa Izrayèl, Jida ak Edòm yo te travèse dezè a pou al goumen kont Moab, men apre sèt jou vwayaj, yo te manke dlo pou sòlda ak bèt yo. Nan dezespwa yo, yo te chèche pwofèt Elize.

Elize te anonse yon pawòl ki soti nan Senyè a: pa t'ap gen van ni lapli, men vale a t'ap plen dlo. Nan denmen maten, yon mirak te fèt; dlo te anvayi vale a epi'l te pote lavi kote ki te gen sechrès.

Sa ki te sanble yon vale lanmò te tounen yon vale pwovizyon divin. Jozafa te konprann ke lè BonDye pale atravè sèvitè li a, yon pwovizyon sipènatirèl libere. Li te fè konfyans a yon BonDye ki bay plis pase sistèm natirèl yo. Jodiya, atravè Kris, n'ap sèvi menm BonDye ki konble tout bezwen'n yo dapre richès li nan glwa. Zòn sechrès ou yo transfòme an abondans lè lafwa aktive.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, transfòme tout sezon sechrès nan lavi'm an sezon fwi ak abondans. Kite pwovizyon sipènatirèl jwenn mwen epi retire tout mank nan lavi'm nan non Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

M'ap fè pwogrè tout kote. Mwen mache nan favè ak abondans. Lavi'm beni epi'm se yon benediksyon pou lòt moun, nan non puisan Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 37:25

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 316
Ezekyèl 20–21; Ebre 13



GoodNews DAILY

MADICHON KI AKTIVE AK TAN

Jozye 6:26
Li pral poze fondasyon vil la sou premye pitit gason li, epi li pral mete pòtay yo sou dènye pitit gason li.

Lènmi an souvan opere atravè madichon ki manifeste nan sèten moman espesifik nan lavi yon moun. Se pa aksidan; se sik ki aktive nan tan ki fikse.
Bib la rakonte kijan Jozye te pwononse yon madichon sou nenpòt moun ki ta rebati Jeriko. Plizyè jenerasyon apre, Iyèl te fè sa nan epòk Akab, epi pawòl sa te akonpli. Fondasyon an te koute'l premye pitit gason'l lan epi pòtay yo te koute'l dènye pitit gason'l lan—prèv ke pawòl yo pote pwa espirityèl atravè tan.

Men, BonDye pi gran pase nenpòt madichon. Li gen pouvwa pou kraze tout limitasyon ki sansib a tan epi detwi tout plafon espirityèl ak fizik ki mete sou lavi'w.

Jodiya, tout modèl negatif, tout lit erite, ak tout reta kase. Ou p'ap repete sik pase yo oswa soufri sa lòt moun te soufri anvan'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen remèsye'W paske Kris delivre'm anba madichon lalwa a. Nan li, mwen se desandan Abraram epi yon eritye dapre pwomès la. M'ap mache nan benediksyon'w, nan non Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Jodiya se moman entèvansyon diven'm. Tout move modèl ak limitasyon kraze, e mwen deklare libète, restorasyon ak viktwa nan tout domèn lavi'm. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Galasi 3:13-14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 317
Ezekyèl 22–23; Jak 1

GoodNews DAILY

YON NOUVO KÒMANSMAN

2 Korint 5:18
Epi tout bagay soti nan BonDye, ki te rekonsilye nou avèk li pa mwayen Jezikri, epi ki te ban nou ministè rekonsilyasyon an.

Syèl la rejwi plis pou yon sèl pechè ki repanti pase pou katreven-diznèf moun ki pa bezwen repantans. BonDye konfye'n ministè rekonsilyasyon an. Dezi li se pou pèsonn pa peri epi pou tout moun rive nan konesans BonDye. Se pou'n entansyonèl nan pataje Levanjil la epi touche moun ki bò kote'n yo.

Pare pou pale pou BonDye. Mond lan pa ka kwè si'l pa tande, epi'l pa ka tande san yon moun pou preche. Ou se mesaje BonDye voye, chwazi epi bay pouvwa pou rive jwenn moun ki poko sove yo.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, depi kounye a pawòl restorasyon an sou bouch mwen. Mwen rapid e'm gen kouraj pou'm pote restorasyon bay moun ki pèdi nan mond mwen an, nan non puisan Jezi. Amèn

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon anbasadè ak yon jeran Bòn Nouvèl BonDye a. Mwen pote Pawòl li a nan mond mwen an, mwen touche kè yo ak lanmou Kris la ak puisans gras li, nan non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Mak 16:15

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 318
Ezekyèl 24–36; Jak 2



GoodNews DAILY

CHANTYE KONSTRIKSYON

Travay 20:32
Kounye a, frè'm yo, mwen remèt nou bay BonDye ak pawòl gras Li a, ki kapab konstwi nou epi ba nou yon eritaj pami tout moun ki sen yo.

Mo "bati" a revele ke Pawòl BonDye a se yon zouti pou konstriksyon nan lavi yon pitit BonDye. Kwasans ou nan Kris dirèkteman pwopòsyonèl ak Pawòl ou resevwa, medite e aplike regilyèman. Yon defisyans nan Pawòl la mennen a yon kwasans espirityèl ki ralanti epi limite kapasite'w pou mache nèt ale nan eritaj diven'w.

Menm jan yon bòs mason bati yon estrikti brik pa brik, lavi espirityèl ou dwe bati entansyonèlman chak jou atravè Pawòl BonDye a. Chak vèsè'w angaje avèk li ranfòse, estabilize epi leve'w. Atravè pwosesis sa a, ou grandi nan matirite epi'w vin byen etabli nan pwomès BonDye yo. Pawòl BonDye a se avantaj ou; li ba'w pouvwa pou jwenn aksè ak manifeste tout sa ki pou ou nan Kris.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, ede'm pou'm rete konsistan nan lavi espirityèl mwen, pou'm pa janm neglije devosyon'm pou'm etidye ak medite sou Pawòl Bondye a. Se pou dife ki sou lotèl mwen an kontinye boule.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen bati solidman e mwen ankre nan Pawòl Bondye a, m'ap mache nan viktwa, jwi eritaj mwen, fòs mwen, ak yon plan diven inebranlab.

ETID KONPLEMANTÈ
Jak 1:22-25

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 319
Lik 22:1-30; Sòm 119:1-88



GoodNews DAILY

BENEDIKSYON ETONAN YO!

2 Korint 9:8
Epi BonDye kapab fè tout gras (tout favè ak benediksyon sou latè) vin jwenn ou an abondans.

Gen moun BonDye pa vle abandone, moun Li pa ka fè san yo. Sekrè a se nan bay. Yon moun ki bay san restriksyon pwospere epi mond li agrandi, pandan ke moun ki chich yo diminye nan enfliyans ak enpak. Bay se yon prensip elajisman diven. Li aktive gras BonDye a, favè li ak benediksyon li sou lavi'w. Konsidere Tabita (Dòkas), yon fanm ki te rekonèt pou jantiyès ak jenewozite'l. Lè'l te tonbe malad epi'l te mouri, BonDye pa't inyore'l. Atravè lapriyè Apot Piè a, li te resisite. Li te pi fasil pou BonDye resisite yon moun ki jenere pase pou ranplase youn. Sa revele kijan yon lavi charitab gen valè devan BonDye.

Si'w vle benediksyon etonan, angaje'w nan bay. BonDye pa sèlman ap soutni'w, men li pral fè gras li an abondans nan tout aspè nan lavi'w. Antanke pitit BonDye, ou gen misyon pou viv nan sifizans, pou'w gen ase pou'w beni lòt moun ak jenewozite.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, ede'm eksele nan gras bay la pou'm ka mache nan sifizans nan tout aspè nan lavi'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Atravè jenerozite'm, gras la dirije sou mwen. Mwen mache nan favè, onè ak diyite. Bon moun yo, bon opòtinite yo ak bon resous yo aliyen ak objektif BonDye pou lavi'm.

ETID KONPLEMANTÈ
Jak 4:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 320
Ezekyèl 27–29; Jak 3



GoodNews DAILY

ALE KONT KOURAN AN

Jak 4:6
Men Li bay plis gras. Se poutèt sa Li di, BonDye reziste moun ki gen ògèy, men Li bay moun ki gen imilite gras.

Se dwa BonDye pou Li bay pitit Li yo gras, men gras sa a pa distribye menm jan bay tout moun. Gras la distribye diferaman, sa ki fè chak Kretyen inik nan ekspresyon ak fonksyon. Men bon nouvèl la se ke yon moun kapab grandi nan gras.

Youn nan kle pou ogmante gras se imilite. Ògèy fè yon moun mete tèt li an opozisyon ak BonDye. Mo ògèy la soti de grèk “antitassomai” ki vle di “pou mete tèt ou kont”. Li montre imaj yon sòlda k’ap mache nan direksyon kontrè a rès lame’l la, e ki fòse lòt sòlda yo kanpe kont li.

Menm jan an, lè yon moun mache nan ògèy, li mete’l kont BonDye. BonDye reziste e fristre nenpòt ki bagay ki kreye pa ògèy. Ògèy tankou mache kont kouran, pwogrè difisil epi rezilta bloke. Men imilite atire èd diven epi ekspoze moun a pi gwo gras ak favè.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, ban’m yon lespri ki gen imilite ak kapasite pou aprann, nan non puisan Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen mache nan imilite epi’m resevwa gras abondan. Tout rezistans kraze, epi’m avanse avèk fasilite diven. Favè BonDye distenge lavi’m, nan non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Pwovèb 3:34; 1 Piè 5:5-6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 182
Ezekyèl 30-32; Jak 4



GoodNews DAILY

PALE TANKOU ORAK BONDYE

1 Piè 4:11
Si yon moun pale, se pou li pale tankou pawòl BonDye.

Pwofèt Samyèl te yon moun espesyal. BonDye te avè'l e Li pa't kite okenn pawòl li yo tonbe atè. Pawòl li yo te pote pwa espirityèl - yo pa't tounen vid. Menm jan an tou, pitit BonDye yo pa san enpòtans. Ou rele pou'w pale avèk otorite selon volonte BonDye.

Menm nan mond sa, endividi yo konsidere tankou de vwayan ki pa soti nan BonDye. Achitofèl te yon moun ki te bay konsèy kòmsi BonDye Li menm te pale. Si enfliyans sa egziste nan mond fènwa a, e pou nou menm ki nan BonDye?

Pawòl la mande, "Kiyès ki pale e pawòl li yo pran plas alòske BonDye pa kòmande'l?" Vrè pouvwa nan pawòl soti de BonDye. Pawòl ou se lespri ak lavi. Antanke yon wa k'ap renye nan lavi, pawòl ou yo pa vid, paske kote pawòl yon wa ye, gen pouvwa. Apati de jodiya, pale ak konsyans diven tankou yon reprezantan BonDye.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, Pawòl Ou di lè'm dekrete yon bagay, li va etabli. Pa otorite Sentespri, tout pawòl mwen pwononse yo va akonpli nan Non puisan Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Tout pawòl mwen pale yo etabli. Deklarasyon'm yo manifeste avèk vitès epi yo aliyen destine ak plan BonDye.

ETID KONPLEMANTÈ
Plenn 3:37

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 322
Ezekyèl 33–34; Jak 5

GoodNews DAILY

RANMASE TI MOSO YO

Jan 6:12
Ranmasse moso ki rete yo, pou anyen pa pèdi.

Jezi te revele prensip puisan sou jesyon atravè aksyon'l yo. Li pa't janm gaspiye resous, ni fizik ni espirityèl. Apre'l te fin bay foul moun yo manje, li te bay disip li yo enstriksyon pou yo ranmase rès yo, sa ki montre ke abondans se pa yon pèmi pou gaspiye men yon apèl pou responsablite.

Lè fanm Kananeyen an te chèche èd, Jezi te refize okòmansman, li te di misyon'l sete pou Izrayèl. Men, gras a lafwa ak imilite'l, li te jwenn aksè a sa ki te sanble ak "rès" epi'l te resevwa yon mirak. Sa montre ke sa ki parèt piti oswa ensiyifyan ka toujou pote pouvwa diven.

Jezi te demontre alafwa kontrent ak sajès; Li te bay chak ti kal valè. Menm jan an tou, sa'w ka neglije nan lavi a ka vin tounen yon enstriman pou gwo enpak lè yo byen jere.

Nan biznis, ministè, ak lavi chak jou, evite gaspiyaj. Ranmase ti kal yo epi maksimize yo. BonDye miltipliye sa ki konsève e ki byen jere.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, tout lespri ki lakòz gaspiyaj nan lavi'm, derasinen epi semans yo detwi, nan non puisan Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Piti piti, m'ap vin gen anpil fwi pandan m'ap jere avèk sajès tout sa BonDye konfye'm, nan non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Lik 16:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 323
Ezekyèl 35–36; 1 Piè 1



GoodNews DAILY

AKSELERASYON SIPÈNATIRÈL

Jan 6:21
Yo resevwa Li nan kannòt la volontèman, epi menm lè a kannòt la rive kote yo t'ap ale a.

Chak fwa Jezi te monte nan yon kannòt, mirak te swuiv. Nou sonje kijan Pyè te travay di tout lannwit san rezilta, epoutan lè Jezi te parèt, li menm ak asosye'l yo te pran yon pakèt pwason. Nan pasaj sa a, apre'l te fin bay foul moun yo manje, Jezi te mache sou dlo a pou'l swiv disip li yo, ki te deja kòmanse vwayaj yo atravè lanmè a nan kannòt la.

Lè yo te resevwa'l nan kannòt la, Bib la rapòte yon mirak puisan: kannòt la te rive nan destinasyon'l touswit. Sa montre ke lè Jezi antre nan yon sitiyasyon, reta kase epi pwogrè akselere. Prezans li pote pwodiktivite, miltiplikasyon, ak vitès sinatirèl.

Jezi pa ka prezan nan lavi yon moun epi lavi sa rete san mouvman. Pwofite de gras BonDye mete a dispozisyon'w nan. Jezi nan kannòt ou a—rete tann!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, se pa ni pa fòs ni pa puisans, men se pa Lespri'w. Pandan m'ap priye jodiya, kite akselerasyon sinatirèl la jwenn mwen, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete epi deklare akselerasyon sinatirèl sou lavi'm. Tout rezistans kont pwogrè'm kraze, epi tout lespri reta anile, nan non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
Jenèz 24:12

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 324
Ezekyèl 37–39; 1 Piè 2



GoodNews DAILY

ECHAPATWA

Jan 6:49
Zansèt nou yo te manje lamann nan dezè a, epi yo mouri.

Jezi te pale mistè ki te ofanse lòm natirèl la men ki te revele lavi bay lòm espirityèl la. Lamánn nan dezè a te soutni Izrayèl tanporèman, men'l pa't kapab venk lanmò. Li te montre Kris, ki se vrè Pen ki soti nan syèl la.

Nan Kris, nou resevwa plis pase pwovizyon; nou resevwa prezèvasyon. Jezi te deklare: "Nenpòt moun ki manje chè'm, epi ki bwè san'm, gen lavi etènèl" (Jan 6:54). Atravè kominyon, nou patisipe nan lavi li, nati li, ak viktwa li.

Tab Senyè a se yon mistè echapatwa. Bib la deklare ke BonDye fidèl epi'l pral fè yon echapatwa. Kominyon se youn nan chanèl diven sa yo. Lè w'ap patisipe, ou soti nan limitasyon pou'w antre nan prezèvasyon, ou chape anba destriksyon, maladi, ak lanmò.

Sa ki te afekte moun ki te anvan'w yo p'ap genyen sou ou. Nan Kris, modèl yo kase epi yon nouvo liyaj etabli.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, atravè pouvwa kò ak san Jezi a, kite tout zòn ki mouri nan lavi'm resevwa pouvwa rezirèksyon, nan non Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen mache nan delivrans ak prezèvasyon diven. Mwen pwospere nan tout domèn. Sa ki te bloke lòt moun yo p'ap bloke'm. Nan Kris, mwen gen viktwa !

ETID KONPLEMANTÈ
1 Korint 10:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 325
Ezekyèl 40–41; 1 Piè 3



GoodNews DAILY

JISKA LAFEN

Jan 6:68
Senyè, kiyès nou pral jwenn? Se Ou menm ki gen pawòl lavi etènèl yo.

Lè Jezi te anseye sou Li menm ki se Pen Lavi a, anpil nan disip Li yo te di: “Ansèyman sa a difisil. Kiyès ki ka aksepte’l?” Kòm rezilta, anpil ladan yo te vire do bay Li epi yo pa’t swiv Li ankò. Nan moman sa a, Pyè te kanpe fèm epi li te di: “Senyè, kiyès nou pral jwenn? Se Ou menm ki gen pawòl lavi etènèl yo.”

Pyè te kenbe pawòl li. Kontrèman a Jida ki te gen yon kè koronpi e ki te trayi Li, Pyè te gen yon moman feblès e li te renye Jezi, men kè’l te toujou rete fidèl—li te kenbe chemen an. Sa se yon apèl pou ou jodiya: pran angajman pou swiv Jezi Kris jiska lafen. Pa kite lanmou pou mond lan pran rasin nan kè’w. Plezi mond lan pase, men lavi Kris bay la dire pou tout tan.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, ede’m veye sou kè’m ak tout dilijans, pou’m ka tande’W di: “Byen fèt, bon sèvitè fidèl.”

DEKLARASYON PWOFETIK

Pa gen vire do ankò. Mwen sou yon chemen pou’m swiv Jezi Kris. Mwen p’ap gade ni agoch ni adwat; je’m fikse sou Senyè a.

ETID KONPLEMANTÈ
Travay 4:12

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 326
Lik 22:31-46; Sòm 119:89-176



MEN CHEMEN AN; MACHE LADAN'L

Jan 10:27
Mouton mwen yo tande vwa'm; mwen konnen yo, epi yo swiv mwen.

Lè Jezi di, "Mouton'm yo tande vwa'm," li revele yon verite pwofon: gen anpil vwa k'ap pale, men se pa tout moun ta dwe swiv. Mouton yo, nòmalman, rekonèt epi bay priyorite ak vwa bèje yo pase etranje.

Nan Jaden Edenn nan, Èv te koute Satan olye de BonDye, e sa te mennen a destriksyon. Jodiya, nan yon epòk kote medya sosyal, presyon zanmi, televizyon, ak mizik fòme kilti ak konpòtman, kesyon an rete: vwa ki moun w'ap koute?

Lènmi an souvan degize tèt li kòm yon zanj limyè. Vwa'l ka sonnen konvenkan, menm biblik. Dyab la te site vèsè biblik lè'l t'ap tante Jezi, men Jezi te disène twonpri a paske Li te epi li se verite a.

Sa'w koute a ap fòme direksyon'w, enfliyanse desizyon'w yo, epi detèmine destine'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ban'm yon kè ki dispoze e obeyisan pou swiv volonte'W. Kite Pawòl Ou rete abondamman nan mwen, nan non Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen deklare ke zòrèy mwen yo branche divinman sou vwa BonDye. Chak vwa etranj fèmen sou lavi'm. Mwen mache nan disènman sinatirèl. Verite a gide'm, epi mwen p'ap janm kite yo twonpe'm.

ETID KONPLEMANTÈ
Ebre 5:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 326
Ezekyèl 42-44; 1 Piè 4



GoodNews DAILY

REKÒT DÈNYE TAN AN

Matye 9:37
Lè sa a, li di disip li yo: Rekòt la anpil vre, men pa gen anpil travayè.

Chak fwa Jezi te wè yon bezwen, li te santi konpasyon. Tout sa ki te touche kè BonDye te touche Jezikri tou. Se poutèt sa li te geri malad yo menm jou saba a, li te anseye foul moun yo, epi li te bay moun ki grangou yo manje.

Nan pasaj sa a, Jezi te touche pa yon foul moun ki te nan lapenn, fatige e gaye tankou mouton san bèje. Li te bay disip li yo enstriksyon pou yo priye Papa rekòt la pou'l voye plis travayè nan rekòt Li a.

Anpil kretyen toujou ap tann bon moman an pou yo genyen nanm, men Jezi te deklare ke rekòt la deja mi. Gen ijans nan sezon sa a. Ale nan gran wout yo, nan ranpa yo, ak sou tout platfòm medya sosyal yo epi fòse yo antre, pou kay BonDye a ka plen. Pwoklame Levanjil la bay tout kreyati san pèdi tan.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ouvri je'n pou'n wè rekòt la devan nou. Ranpli nou ak kouraj pou nou preche Pawòl ou a epi voye plis travayè nan jaden'w lan, nan non puisan Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon rach lagè nan men BonDye, voye pou transfòme vil, vilaj ak nasyon yo pou Levanjil Jezikri a. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
Lik 14:23

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 327
Ezekyèl 45-46; 1 Piè 5



GoodNews DAILY

ATITID LAPRIYÈ

Jid 1:9
Epoutan, Mikayèl, akanj lan, lè'l t'ap goumen ak dyab la, li te batay pou kò Moyiz la...

Lavi pa toujou ba'w sa'w merite; li ba'w sa'w goumen pou li. Gen yon opozisyon konstan kont pwogrè ak destine. Si lènmi an te goumen pou kò Moyiz, konbyen plis li pral reziste kont objektif yon pitit BonDye vivan?

Nan Kolòs 4:12, Pòl felisite Epafras pou "travay ak tout fòs li" nan lapriyè. Mo grèk agōnizomai vle di lite, goumen, batay. Lapriyè pa pasif; se angajman espirityèl, kanpe fèm avèk pèsistans ak konviksyon.

Pa grandi alèz. Advèsè a ap mache tankou yon lyon k'ap gwonde, k'ap chèche moun li ka devore. Leve kanpe nan lapriyè. Goumen pou fanmi'w, sante'w, nasyon'w ak destine'w. Viktwa yo sekirize nan plas lapriyè.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, pandan m'ap lite nan lapriyè, leve pou mwen. Se pou tout fòs k'ap reziste kont destine'm reprimande nan non puisan Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen rete fèm nan plas lapriyè a. Mwen resevwa fòs pou'm pèsevere epi gras pou'm genyen viktwa. Tout opozisyon kont lavi'm, fanmi'm, ak destine'm ranvèse. M'ap mache nan viktwa, epi objektif mwen ap akonpli, nan non Jezi. Amèn..

ETID KONPLEMANTÈ
Lik 18:1; Efèz 6:12; Jak 5:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 328
Ezekyèl 47-48; 2 Piè 1



GoodNews DAILY

KÈ KI PA PATAJE

Jak 4:8
Pwoche bò kote BonDye, epi Li va pwoche bò kote nou.

Pandan dènye pandemi an, anpil moun te vin pi aktif espirityèlman. Tan nan Pawòl la, lapriyè, ak jèn te ogmante, men souvan motivasyon an pa't krent pou BonDye, men lanmò.

David te priye nan Sòm 86:11, "Ban'm yon kè san divizyon, pou'm ka krenn non'w." Sa a se te yon dezi pou renmen ak respekte BonDye ak tout kè'l. David te konprann ke lanmou pafè chase laperèz, epi ke sa'w estime pi plis nan kè'w se sa'w renmen.

Ekriti Sent yo raple nou ke'n pa resevwa yon lespri laperèz, epi lè kè a ankre nan BonDye, laperèz pèdi priz li. BonDye pa janm elwanye'l de nou; Li tann wi sensè nou an. Pwoche bò kote'l, epi w'ap jwenn Li te toujou pre. Se pou mache'w avèk BonDye konsistan, pa sezonal men anrasinen nan lanmou sensè.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, kite lanmou'm pou Ou rete pi e fèm. Etabli'm nan yon kominyon kontinyèl avèk Ou chak jou, pou tout tan. Amèn

DEKLARASYON PWOFETIK

Dezi'm fikse sou Jezi Kris. Mwen renmen Li ak tout kè'm, tout nanm mwen, tout lespri'm ak tout kò'm. Nan bon sezon ak nan move sezon, m'ap pale de lanmou san fay li. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
1 Jan 4:18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 329
Danyèl 1-2; 2 Piè 2



GoodNews DAILY

POUVWA PWOMOSYON

Efèz 3:8
Mwen menm ki pi piti pase tout sen yo, yo ban mwen gras sa a, pou'm ka preche richès Kris la, richès moun pa ka konprann, nan mitan moun lòt nasyon yo.

Bib la montre klèman ke pwomosyon soti nan BonDye. Se Li menm ki leve yon moun epi ki bese yon lòt. Sa revele ke BonDye se kalifikatè final la, epi gras li se fòs ki dèyè chak vrè elevasyon.
Apot Pòl te konsidere tèt li kòm pi piti pase tout sen yo, men gras la te distenge'l. Enpak li nan ministè a te reflete pouvwa diven ki depase kalifikasyon natirèl.

Pou BonDye, orijin ou, kote'w te fèt oswa moun ki te fè'w la pa detèmine avni'w. Sa ki enpòtan se gras li nan lavi'w. Jodiya, rekonèt ke gras sa a se pouvwa'w pou pwomosyon. Rete enb epi dilijan, paske BonDye leve moun ki depann de li.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, Ou se Sila ki leve moun. Kite gras Ou jwenn mwen epi kalifye'm pou tout nivo ou te òdone. Ban'm fòs pou'm mache nan imilite ak dilijans pandan w'ap mete'm nan pozisyon pou pwomosyon divin, nan non puisan Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen resevwa gras epi'm kalifye pa BonDye. Anviwònman'm nan aliyen pou elevasyon'm. Mwen deplase de glwa an glwa, epi lavi'm reflete pwomosyon kontinyèl, nan non puisan Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 92:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 330
Danyèl 3-4; 2 Piè 3Daniel 3-4; 2 Piès 3



KONTE JOU'W YO

Lik 10:42
Yon sèl bagay nesesè; Mari chwazi pi bon pati a, e yo p'ap retire li nan men li.

Nan pasaj sa a, priyorite Mat te sèvi Jezi, pandan ke priyorite sè li, Mari, se te chita nan pye Jezi kris pou resevwa Pawòl la. Tou de bagay yo enpòtan, men Jezi te montre gen priyorite ki gen plis valè etènèl.

Mat te envesti tan li nan bagay chanèl, tandiske Mari te envesti tan li nan bagay espirityèl ki dire pou tout tan. Sa a se yon leson puisan pou nou: nou dwe aprann konte jou nou yo. Mo nimewo a se yon tèm kontablite, ki vle di byen konte ak jere tan nou atravè planifikasyon ak orè entansyonèl.

Jezi t'ap anseye Mat prensip sa a. Tan se yon resous kritik ki dwe gen valè epi itilize avèk sajès. Pandan w'ap pase tan nan Pawòl la epi w'ap kominike avèk Sentespri a, Li pral dirije chemen'w, revele sa pou'w fè, kijan pou'w fè'l, ak bon moman pou'w fè'l.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, anseye'm konte jou'm yo pou'm ka aplike kè'm nan sajès. Òdone tan mwen dapre volonte Ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Jou'm yo anba direksyon BonDye. Mwen priyorize bagay etènèl yo sou sa ki tanporè yo. Tan'm bay fwi, pa mwen yo gide, epi mwen mache nan volonte pafè BonDye.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 90:12

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 331
Danyèl 5-7; 1 Jan 1



GoodNews DAILY

PA DÒMI

Matye 13:25
Men, pandan tout moun t'ap dòmi, lènmi'l lan vini, li simen move zèb nan mitan ble a, epi li ale.

Lènmi an pwofite moman dòmi pou li simen move semans. Nan sans espirityèl, lannwit lan reprezante yon sezon inyorans oswa mank konsyans espirityèl, kote lènmi an ap chèche mete dezòd nan lavi pitit BonDye yo.

Kòm pitit BonDye, nou se limyè mond lan, nou aple pou'n klere devan lòt moun. Nou te transfere soti nan wayòm fènwa vin nan wayòm limyè a. Ki rapò limyè genyen ak fènwa a?

Bib la di nan Jan 1:5, "Limyè a klere nan fènwa, men fènwa a pa genyen'l." Men, gen kèk Kretyen ki toujou fè eksperyans defèt, menm nan rèv ak vizyon lannwit. Nan moman sa yo, maladi, povrete, aksidan, ak degradasyon ka plante. Men, sa pa ta dwe reyalite'w. Leve kanpe jodiya. Angaje'w nan lapriyè, jèn, ak Pawòl la. Refize viv tankou yon viktim. Ou plis pase yon konkeran; mache nan verite sa a chak jou.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa mwen, ede'm manifeste vrè idantite'm nan Kris e mache nan limyè Pawòl Ou anwo tout sikonstans yo.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen refize pou'm se yon viktim. Mwen mache nan dominasyon epi fènwa pa ka genyen sou mwen. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ
Pwovèb 4:18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 332
Lik 22:47-71; Sòm 120-122



GoodNews DAILY

PI SALI YO

Ezayi 12:3
Se poutèt sa, avèk kè kontan n ap tire dlo nan pi sali yo.

Lanmò ak rezirèksyon Jezikris te pote yon pakè delivrans konplè pou mond lan, espesyalman pou tout moun ki kwè nan li. Vèsè nou an pale de pi sali yo nan fòm pliryèl, pa yon sèl pi. Men, anpil Kretyen limite tèt yo a tire dlo sèlman nan yon sèl pi ki pote nouvo lavi nan Kris la.

Tout aspè nan lavi'w touche pa pi sali yo. Nan sali, gen pi pou pwosperite, gerizon, lajwa, ak tout lòt bezwen, men se ou menm ki pou tire dlo ladan yo.

Dezi BonDye se pou'n viv an abondans. Antanke pitit BonDye, lavi nou transandan, l'ale pi lwen pase bagay natirèl yo pandan n'ap tire dlo nan pi sali yo. Egzèse lafwa'w pou tire dlo nan pi abondan BonDye yo ki rezève pou ou.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa mwen, mèsi pou travay Jezi te fini sou lakwa a. Ede'm chak jou pou'm tire nan tout pi sali Ou mete disponib pou mwen yo nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen deklare gras pou'm fleri pandan m'ap tire nan pi sali yo. Tout sezon sechrès disparèt, epi mwen bay fwi nan tout sezon. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ
2 Piè 1:3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 333
Danyèl 8-10; 1 Jan 2



GoodNews DAILY

KÒMANDE TÈ A

Ezayi 1:2
Koute, syèl yo; tande, tè a, paske Senyè a pale.

Ane sa a pral gen yon antèman, men se pa antèman'm. Revelasyon sa a vre pou ou nan non Jezi. Antanke pitit BonDye, nou gen pouvwa pou nou kòmande tè a. Moyiz nan epòk li a te kòmande latè pou'l louvri epi vale lènmi'l yo: Kore ak tout moun ki te konekte avè'l yo.

Bib la pale de syèl la ak tè a kòm yon aparèy anrejistreman ke yo ka pale avèk li epi ba'l enstriksyon menm jan BonDye ak Moyiz te fè a. Se poutèt sa okiltis yo ka kolekte tè yon moun te mache sou li epi sèvi avè'l pou bay enstriksyon kont lavi yon moun.

Pandan ane sa a ap fini an, nou enstwi latè a ke li twò plen e twò satisfè pou vale nou. Nou dwe jwenn satisfaksyon nan yon lavi ki long, epi tout randevou ak lanmò prematire anile konsènan lavi nou ak lavi fanmi nou yo.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen priye ke lavi'm ak lavi fanmi'm an sekirite. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Syèl la ak tè a, koute'm: vale tout lènmi epi vomi tout benediksyon ki antere kont destine'm, nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Detewonòm 30:19

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 334
Danyèl 11-12; 1 Jan 3



ALFA EPI OMEGA

Revelasyon 1:8 (KJV)
"Mwen se Alfa Mwen se Omega, kòmansman e lafen, se sa Senyè a di, Li menm ki la, ki te la, epi ki gen pou vini an, Toupuisan an."

Lè Bib la dekri BonDye kòm Alfa e Omega, anpil moun panse sa vle di Li se kòmansman e lafen. Men verite a ale pi lwen pase sa. Jwif yo te ekri soti adwat pou ale agoch; sa vle di BonDye se Omega epi Alfa. Li kòmanse ak fen an anvan kòmansman. Pa etone paske Bib la di Jezi te deja ofri kòm sakrifis anvan kreyasyon mond lan. Anvan lèzòm te peche, Li te deja prepare kòm sakrifis.

Lavi'w se yon plan fètefouni. Anvan BonDye te kreye'w, Li te deja akonpli tout benediksyon espirityèl ak fizik ki gen rapò ak lavi'w. Ou p'ap manke okenn bon bagay nan non Jezi.

PRIYÈ POU JODIYA

BonDye Toupuisan, Alfa e Omega, mwen remèsye Ou. Lavi'm deja planifye epi etabli nan Ou. Anvan mwen te vin sou tè a, Ou te deja akonpli tout sa ki gen pou wè ak lavi'm. Jodiya m'ap mache avèk konfyans ke'm resevwa tout benediksyon espirityèl ak fizik mwen nan Kris. Mwen p'ap manke anyen. Mwen antre nan jounen sa a avèk lapè, objektif ak asirans nan plan Ou genyen pou mwen. Nan non Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen p'ap manke okenn bon bagay nan lavi'm. Mwen se yon temwayaj vivan an mouvman. M'ap resevwa tout sa kè'm dezire nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Piè 1:19-20

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 335
Oze 1-4; 1 Jan 4

GoodNews DAILY

IDANTITE

2 Korint 5:17
“Se poutèt sa, si yon moun nan Kris, li se yon nouvo kreyati; bagay ansyen yo pase; gade, tout bagay vin nouvo.”

Lè m’ap kondi, pafwa mwen wè kèk jèn polisye ki pa twò gran fizikman k’ap kontwole trafik sou otowout yo epi k’ap bay lòd. Yo ka piti nan aparans, men idantite yo fè menm granmoun k’ap kondi gwo kamyon obeyi yo. Yo gen gouvènman dèyè yo e sa depase fòs oswa gwosè yo. Si yon moun atake yo, sa konsidere kòm yon ofans kont Leta.

Ou se yon pitit BonDye epi BonDye envesti pouvwa’L nan ou. Idantite ak otorite’w depase aparans fizik ou. Kòmande jou ak mwa’w yo; yo pral pwodui rezilta ou vle yo. Pale ak anviwònman’w, epi rezilta yo ap manifeste nan non Jezi.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, mèsi paske Ou fè’m tounen pitit Ou epi Ou ban’m yon nouvo idantite nan Kris. Jodiya m’ap mache ak konviksyon paske mwen soutni pa otorite ak pouvwa Ou. Mwen pwoklame lavi, favè ak viktwa sou jounen’m, mwa ak anviwònman mwen. Chak sitiyasyon ap pran fòm volonte Ou pou lavi’m. Mwen p’ap pè, mwen p’ap brannen, paske’m se pitit Ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon pitit BonDye, fèt pa Lespri a. Lasante ak pwosperite se pòsyon mwen. Opòtinite ap vini jwenn mwen soti tout kote nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 1:12

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 336
Oze 5-6; 1 Jan 5



LENMI AN ECHWE

Ezayi 14:16
“Moun ki wè’w yo ap gade’w byen, y’ap reflechi sou ou epi y’ap di: Èske se nonm sa a ki te fè tè a tranble epi souke wayòm yo?”

Anpil moun, menm kèk kretyen, kwè dyab se yon gwo bèt ak kòn. Men Bib la pa anseye sa. Sa se imaj yo prezante nan liv timoun yo. Dapre pwofèt Ezayi, nou pral gade’l byen poun ka wè’l. Li tèlman piti, fò’w fikse je’w sou li pou’w wè’l. Ou pral sezi e w’ap mande kote’l te jwenn pouvwa pou’l te fè tout dezòd sa yo nan mond lan.

Dyab la pa gwo; li twò piti pou ou. Pa ba li plis enpòtans pase sa’l merite. Li anba pye’w. Se poutèt sa, kontinye avanse avèk fòs ak kouraj. Lènmi an pa kapab anpeche’w reyalize sa BonDye prepare pou ou nan non Jezi.

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Senyè, pou viktwa mwen nan Kris. Pawòl Ou deklare tout prensipote ak tout pouvwa yo te deja echwe atravè lakwa, epi’m kanpe fèm nan viktwa sa a. Mwen jete laperèz ak manti ki vle fè lènmi an parèt pi gran pase pouvwa’w nan lavi’m. M’ap mache avèk otorite, paske Sila ki nan mwen an pi gran pase sila ki nan mond lan.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lènmi an anba pye’m, li p’ap ka anpeche okenn bagay BonDye prepare pou mwen. Mwen reyisi, paske Sila ki nan mwen an pi gran pase sila ki nan mond lan.

ETID KONPLEMANTÈ
Kolòs 2:15

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 337
Oze 7-8; 2 Jan



GoodNews DAILY

EGZÈSE OTORITE'W

Lik 10:19
"Gade, mwen ban nou pouvwa pou nou mache sou sèpan ak eskòpyon, ak sou tout pouvwa lènmi an; e pa gen anyen k'ap ka nwi nou."

Jezi te di, Li resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou latè. Apre sa Li di: "Gade, mwen ban nou pouvwa..." JeziKris remèt nou tout pouvwa Li te genyen : pouvwa pou pwospere, pou reyisi ak pou fè mirak. Ou gen yon pouvwa nan ou ki paka defye; se poutèt sa ou dwe egzèse otorite sou tout sitiyasyon nan lavi'w.

Jodiya se yon nouvo jou. Reveye'w nan reyalite sa a: BonDye ba ou tout pouvwa. Egzèse pouvwa ak otorite'w sou tout sikonstans, epi w'ap resevwa yon temwayaj.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen refize viv tankou viktim sikonstans yo. Mwen mache sou tout plan lènmi an e mwen deklare pa gen anyen k'ap fè'm mal. Kounye a menm, mwen pwoklame lòd, ouvèti ak aliyman diven sou tout sitiyasyon ki te bloke pwogrè'm. Mwen aktive pouvwa pou'm pwospere, reyisi e mache nan mirak. Mwen egzèse otorite sou sante'm, finans mwen, fanmi'm ak avni'm. Ke tout opozisyon kache soumèt devan otorite Kris.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen leve avèk kouraj, pa avèk laperèz. Mwen mache nan dominasyon, pa nan defèt. Mwen deklare BonDye ban'm pouvwa pou'm simonte epi genyen viktwa nan tout bagay.

ETID KONPLEMANTÈ
Matye 28:18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 338
Oze 9-10; 3 Jan



GoodNews DAILY

PRÈDIKASYON K'AP MACHE

2 Korint 3:2
"Noumenm, nou se lèt ki ekri nan kè nou, tout moun konnen nou e yo li nou."

Mwen konn di souvan: "Preche Levanjil la, epi sèlman lè sa nesesè sèvi ak mo." Gen moun ki mande: Ki lòt bagay nou ka itilize si se pa mo? Bib la di ou se yon lèt Kris ekri. Sa vle di lavi'w se yon predikasyon. Moun ta dwe gade fason'w viv epi vin bay Kris lavi yo. Lavi'w dwe montre plenitid BonDye. Bonte ak bote BonDye dwe parèt atravè'w.

Pandan w'ap li meditasyon sa a, w'ap transfòme pou'w vin tankou sa BonDye Li menm ye. Ane sa a se ane kote ou pral montre ke BonDye egziste vre. Atravè fason'w viv, anpil moun pral vin konnen Senyè Jezi Kris la.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, transfòme'm soti anndan pou karaktè'm tounen yon temwayaj klè sou Kris. Kote ki gen feblès, ban'm fòs; kote ki gen enstabilite, aliyen'm ak Lespri Ou. Kite lavi'm pa sèlman pale, men preche Levanjil la atravè entegrite, jantiyès ak sentete.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon lèt vivan k'ap mache. Anpil moun pral vin konnen Kris atravè mwen. Wi, bonte ak mizèrikòd BonDye ap swiv mwen chak jou nan lavi'm.

ETID KONPLEMANTÈ
Matye 5:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 339
Lik 23:1-25; Sòm 123-125



KIYÈS KI TE DI'W SA?

Jenèz 3:11
"Li di'l: Kiyès ki di'w ou toutouni? Èske'w manje nan pyebwa mwen te entèdi ou manje a?"

Lè Adan ak Èv te peche, Bib la di yo te kache paske yo te "toutouni". Lè BonDye vini, kesyon Li poze a te senp: "Kiyès ki di'w ou toutouni?" BonDye pa t'ap diskite sou lefèt ke yo te toutouni. Sa ki te enterese Li se kiyès ki te fè yo konnen sa. Yo te toutouni depi anvan, men dyab la te fè yo vin konsyan de reyalite sa a.

Nenpòt moun ki toujou ap fè'w sonje peche oswa echèk ou ap opere dapre travay lènmi an. Ki moun ki te di'w BonDye pa padonne'w? Ki moun ki te di'w ou p'ap reyisi? Ou te kloure sou kwa avèk Kris epi'w leve soti vivan avèk Li. Pa gen okenn peche ni feblès ki kole sou lavi'w ankò. Ou twò beni pou madichon jwenn ou nan non Jezi.

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Senyè, pou travay konplè lakwa ansanm ak viktwa mwen genyen nan Jezi Kris. Mwen jete tout vwa kondanasyon, laperèz, wont ak limitasyon ki vle antre nan lavi'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen twò beni pou madichon jwenn mwen. Gras Senyè a se adrès pèmanan mwen, epi tout bagay nan lavi'm ap mache byen nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 8:1

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 340
Oze 11-12; Jude



DEPLWAYE POU KONKÈT

Sòm 82:6
“Mwen te di: Nou se dye; nou tout se pitit BonDye Trèwo a.”

Wa Charles pa’t kapab vin wa toutotan manman li te vivan. Yon prens sèlman monte sou twòn nan apre lanmò wa oswa rèn nan. Pandan wa a vivan, menm eritye a pa gen tout otorite. Se poutèt sa kote tankou Wales egziste, kote prens yo ka egzèse kontwòl paske teritwa a sitiye deyò règ dirèk wa a oswa rèn nan.

BonDye konnen nou menm tou nou se “dye” dapre Ekriti yo. Menm jan yon prens pa ka dirije totalman kote wa ap viv la, nou pa’t kapab egzèse tout otorite nou nan syèl la. Se poutèt sa BonDye voye nou sou tè a pou nou domine ak konkeri. BonDye voye’w pou chanje kominote’w, fanmiy’w ak gouvènman yo. Mond lan ap tann ou. Ale epi konkeri!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ouvri je’m pou’m konprann misyon Ou ban mwen sou tè a. Retire tout limit, laperèz ak konfizyon ki diminye enpak mwen. Mwen pa yon moun òdinè; Ou voye’m pou pote chanjman, enfliyanse sistèm yo epi manifeste wayòm Ou an. Ban’m fòs pou’m konkeri tout defi ki devan’m. Kite lavi’m pote transfòmasyon nan fanmi’m, kominote’m ak jenerasyon’m nan. Amèn.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen kreye pou domine mond lan. Mwen pote otorite BonDye pou chanje bagay yo nan fanmi’m, kominote’m ak jenerasyon’m. Jodiya mwen soti kòm yon moun BonDye voye pou konkeri.

ETID KONPLEMANTÈ
Jenèz 1:28

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 341
Oze 13-14: Revelasyons 1



GoodNews DAILY

PI BON RAPÒ

Ezayi 53:1
“Kilès ki kwè sa nou anonse a? E a kimoun Senyè a revele pwisans Li?”

Mond lan chaje ak tout kalite nouvèl ak enfòmasyon. Mwen konn di ke nan epòk n’ap viv la, si’w pa gade nouvèl yo, ou ka pa enfòme; men si’w gade yo twòp, ou ka mal enfòme. Jodiya, anpil medya ranpli ak patipri, pwopagann ak enfòmasyon ki pa toujou reflete laverite.

Kri pwofèt la te senp: “Kilès ki pral kwè rapò nou an?” BonDye ap pale avè’w kounye a pou fè’w konnen lapè ak pwosperite ap vin pou ou. Kesyon an se pa si gen lòt rapò; kesyon an se kilès nan yo ou pral kwè. Chwazi kwè Pawòl BonDye a plis pase tout lòt vwa. Kwè sa Li di, aji sou sa Li di, epi w’ap dekouvri temwayaj ou.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, mwen kwè chak pawòl ki soti nan bouch Ou. Ede’m pou’m vle fè sa Ou di epi pou’m fè’l. Mwen genyen viktwa sou tout dout ak tout enkyetid nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pawòl Senyè a se gid mwen ak konpa’m. Mwen p’ap rate okenn objektif nan lavi’m. Pòsyon’m an sekirize epi etabli nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 10:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 342
Joel 1-3; Revelasyons 2



GoodNews DAILY

BATAY LESPRI A

2 Korint 10:5
“N’ap kraze tout rezònman ak tout bagay ki leve tèt li kont konesans BonDye, epi n’ap fè tout panse tounen prizonye pou yo obeyi Kris.”

Lespri nou pa yon senp ògann mekanik k’ap trete doferan pwoblèm lavi a; li ale pi lwen pase sa. Bib la di: “Jan yon moun panse nan kè li, se konsa li ye.” Sa vle di ou se rezilta sa w’ap panse.

Vèsè nou an montre ke lespri nou se yon chan batay. Gen kèk panse ki vin jwenn nou ki pa soti nan BonDye. Se poutèt sa nou dwe soumèt tout bagay anba otorite Pawòl BonDye. Lè panse sou lanmò, wont, echèk oswa dekourajman vini, pale Pawòl BonDye a sou lavi’w epi efase tout panse negatif yo. Pwosperite se pòsyon’w, epi BonDye ap beni’w san mezi.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, atravè Pawòl Ou, mwen gen viktwa sou tout riz lènmi an. Lespri’m avèk kò’m soumèt anba otorite Pawòl Ou, epi Pawòl Ou ap rete estanda lavi’m jiskaske Kris retounen.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete e mwen deklare ke Pawòl BonDye se estanda’m ak fondasyon solid mwen. Mwen p’ap kite okenn bagay nan lavi sa a ebranle’m, nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Lik 12:22-26

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 343
Amòs 1-3; Revelasyons 3



IMINITE DIPLOMATIK

2 Korint 5:20
“Konsa, nou se anbasadè pou Kris la, se tankou BonDye ap itilize nou poul pale; nou sipliye nou nan non Kris la: rekonsilye ak BonDye.”

BonDye beni’m pou’m sèvi kòm yon lidè enfliyan nan jenerasyon sa a. Anplis sèvis mwen nan wayòm BonDye a, mwen genyen tou privilèj pou’m sèvi kòm anbasadè peyi’m. Sa ede’m konprann, nan yon sèten mezi, kijan gouvènans ak iminite diplomatik fonksyone.

Pa egzanp, si yon moun komèt yon krim epi li antre nan anbasad yon lòt peyi, lapolis pa ka arete’l anndan anbasad sa a, paske dapre règ iminite diplomatik yo, li pa konsidere kòm moun ki sou teritwa peyi kote krim nan fèt la ankò.

Lè BonDye di ou se yon anbasadè, sa vle di ou reprezante yon lòt peyi, yon lòt wayòm, pandan w’ap viv sou tè a. Demon ak malè pa gen dwa sou ou, paske’w fè pati yon lòt teritwa espirityèl. Ou gen iminite diplomatik nan non Jezi.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ede’m egzèse dwa ak otorite Ou ban mwen yo. Tout lènmi ki leve kont lavi’m, mwen kraze pouvwa yo epi’m fè yo lage tout sa yo te kenbe pou mwen nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Kòm yon anbasadè Syèl la, mwen dekrete epi mwen deklare pa gen okenn sechrès nan lavi’m. Tout sa ki konsène lavi’m ap vini jwenn mwen kounye a nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Piè 2:9

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 344
Amòs 4-6; Revelasyons 4



YON NIVO SIPERYÈ

Sòm 8:5
“Paske Ou fè’l yon ti kras pi ba pase zanj yo, epi Ou kouwone’l ak laglwa ak lonè.”

Anpil Kretyen ak anpil lòt moun gen yon konpreyansyon limite sou vèsè sa a. Vrè sans li ka parèt etranj pou kèk moun, men se sa tèks la vle di. Mo ki tradui kòm “zanj” lan soti nan mo ebre “Elohim”, ki vle di BonDye menm, pa yon zanj ki se yon mesaje.

Nan yerachi diven sa a, BonDye kreye lèzòm yon ti kras pi ba pase Li menm, epi apre sa vini zanj yo. Sa montre valè ak plas BonDye bay moun. Ou pi gran pase sa’w panse. Ale epi akonpli misyon’w.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, mwen priye pou ke, avèk menm gras ak konpreyansyon an, mwen vire tout bagay pou kòmanse travay pou byen’m. Chak etap nan lavi’m gide pa Lespri BonDye pandan m’ap avanse jodiya.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen kòmande siksè’m pou li aliyen ak plan BonDye. Pa pouvwa BonDye, mwen dekrete epi mwen deklare mwen genyen viktwa nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Jenèz 1:26-27

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 345
Amòs 7-9; Revelasyons 5



GoodNews DAILY

DON LAJISTIS

Ròm 5:17
“Si akòz peche yon sèl moun, lanmò tap gouvène mond lan, moun sa yo ki resevwa abondans lagras ak lajistis la ap gouvène nan lavi, pi plis toujou, akòz Kris.

Yon kado se yon bagay ou resevwa gratis, pa paske’w fè yon bagay pou merite’l, men paske moun ki bay la chwazi fè sa. Bib la di nou resevwa kado lajistis la. Lajistis se kapasite pou kanpe dwat devan BonDye. E kijan yon moun ka parèt jis devan BonDye? Ou jis paske ou resevwa Jezi Kris.

Depi ou resevwa Kris la, jistis ki an aksyon an pa pou ou ankò, men pou Kris. Ou ka parèt devan BonDye avèk konfyans epi mande nenpòt bagay, paske nan je li Li pa wè okenn enpèfeksyon, sèlman Kris. Senyè nou Jezi a pi, epi lè’w nan li, ou menm tou ou pi. Lwanj pou Senyè a!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, mwen remèsye Ou pou kado lajistis. Mwen priye’w pou’m kontinye mache nan konpreyansyon ak lespri renouvle sa a. Kèlkeswa sa’m deklare dapre volonte Ou, se pou’l akonpli, paske mwen ak Ou, se menm noumenm nan.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen deklare mwen resevwa abondans gras ak kado lajistis atravè Kris. Mwen jistifye, mwen aksepte, epi’m san repwòch devan BonDye. Mwen gen otorite sou peche, sou laperèz ak sou tout limitasyon nan lavi. Vwa’m gen otorite paske’m pale depi nan pozisyon’m nan Kris.

ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 3:22-24

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 346
Lik 23:26-56; Sòm 126-128



GoodNews DAILY

YON PLAN SÒTI

1 Korint 10:13
“BonDye fidèl; Li pap kite nou tante plis pase sa nou kapab sipòte. Men avèk tantasyon an, L’ap bannou yon mwayen pou nou soti, pou nou kapab kenbe fèm.”

Nan anpil domèn nan lavi a, moun saj yo prepare yon plan sòti anvan yo bezwen’l. Pilòt yo resevwa fòmasyon sou pwosedi ijans lontan anvan yon kriz rive. Bilding yo konstwi ak sòti ijans ki make byen klè an ka dife. Envestisè yo fikse limit pou pwoteje tèt yo kont gwo pèt. Plan an prepare davans pou lè presyon an vini, gen deja yon chemen pou soti.

Menm jan an tou, BonDye pa janm kite’w san yon plan pou’w soti nan sitiyasyon difisil. Kit se pwoblèm finansye, move rapò medikal, echèk ki repete, oswa gwo presyon lavi a, ou pa fèt pou pase menm bagay ak tout moun. Menm lè yon sitiyasyon sanble final, ou p’ap fini menm jan ak mond lan. Toujou gen yon pòt BonDye prepare pou’w sòti. Responsablite’w se rekonèt li epi pran li.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske Ou toujou prepare yon chemen pou’m soti nan nenpòt sitiyasyon. Louvri je’m pou’m rekonèt pòt sòti Ou prepare yo nan chak sikonstans mwen rankontre.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen rekonèt epi’m pran tout chemen BonDye prepare pou mwen. Mwen pa bloke, mwen pa limite, epi mwen pa anba okenn sitiyasyon. Mwen soti viktorye nan tout sa m’ap fè.

ETID KONPLEMANTÈ
2 Piè 2:9

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 347
Abdyas; Revelasyons 6



DELIVRE ANBA MAL

Jak 1:13 (MSG)
“BonDye pa afekte pa mal, epi Li pa mete mal sou chemen pèsonn.”

Gen kèk materyèl yo rele enpèmeyab, sa vle di yo pa absòbe ni kite anyen penetre ladan yo. Yo fèt ak yon nati ki pa pèmèt okenn envazyon. Menm lè anviwònman an difisil, li paka chanje sa yo ye. Sa ki vin kont yo pa ka antre nan yo.

BonDye pa afekte pa mal. Mal pa gen ni aksè, ni enfliyans sou Li, ni plas nan Li. Kòm yon moun ki fèt nan BonDye, ou pataje menm nati sa a ki reziste epi rejte mal. Lè’w konprann sa, ou sispann idantifye tèt ou ak batay la epi’w kòmanse viv selon vrè nati’w. Pa janm aksepte anyen ki pa ann amoni ak sa’w ye nan Kris. Rete fèm, san’w pa brannen, san’w pa kite okenn koripsyon antre nan lavi’w.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi paske’m pataje nati Ou. Ede’m konprann plis kiyès mwen ye nan Kris pou’m viv anlè tout presyon epi pou’m jete tout sa ki pa soti nan Ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pa anba enfliyans okenn mal. Mwen enpèmeyab devan mal. Li pa gen plas nan mwen e li pa gen pouvwa sou mwen. Mwen pa absòbe ni soumèt devan tantasyon oswa koripsyon, nan non pisan Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
1 Jan 5:18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 348
Jonas 1-4; Revelasyons 7

GoodNews DAILY

PAWÒL LA DWE GRANDI

Travay 6:7
“Epi Pawòl BonDye a t’ap gaye; kantite disip yo t’ap ogmante anpil nan Jerizalèm, e anpil prèt te vin obeyi a lafwa a.”

Nan nenpòt anviwònman, sa’w nouri epi kite devlope ap fini pa domine. Si yon jaden rete san swen, move zèb ap anvayi li. Anyen pa rete net pou lontan; toujou gen yon bagay k’ap grandi.

Si Pawòl BonDye a pa grandi nan ou, yon lòt bagay ap pran plas li. Presyon, laperèz ak lòt vwa kontrè ap kòmanse domine, pa paske yo pi fò, men paske yo te jwenn pèmisyon pou grandi. BonDye pa kreye’w pou sikonstans domine’w. Pawòl ki nan ou dwe grandi jiskaske’l vin enfliyanse tout aspè nan lavi’w. Lè Pawòl la domine, ou genyen viktwa. Nouri tèt ou ak li, pale li, epi aji sou li jiskaske li vin puisan nan ou.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou pouvwa Pawòl Ou k’ap travay nan mwen. Mwen pran angajman pou’m manje Pawòl la chak jou epi bay li premye plas nan lavi’m. Kite Pawòl Ou grandi avèk fòs nan mwen jiskaske li dirije tout rezilta lavi’m.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pawòl BonDye a grandi nan mwen avèk fòs epi li gen viktwa nan tout domèn lavi’m. Mwen pa soumèt anba presyon oswa sikonstans. Mwen genyen paske Pawòl ki nan mwen an genyen!
evailing!

ETID KONPLEMANTÈ
Kolòs 3:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 349
Miche 1-3; Revelasyons 8



GoodNews DAILY

BRASE LI

1 Timote 6:17
“BonDye ban nou tout bagay avèk abondans pou nou ka jwi yo.”

Si’w deja bwè yon soda italyen, w’ap remake siwo a rete anba vè a pandan likid ki anlè a pa gen anpil gou. Dousè a la, men li rete konsantre anba. Lè’w brase li, tout bagay chanje; sa ki te kache anba a vin gaye toupatou.

Menm jan an tou, chak Kretyen pote andedan li tout sa Kris dispoze pou byennèt li: viktwa, lajwa, sante pafè ak pwosperite. Men anpil fwa yo pa fè eksperyans bagay sa yo ke yo deja genyen. Se tankou dousè a rete anba a. Ou dwe aktive sa BonDye deja mete nan ou. Sèvi ak Pawòl la pou brase sa BonDye deja ba ou. Pa kite pouvwa BonDye rete dòmi anndan’w.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou viktwa Ou deja prepare pou mwen nan Kris. Aprann mwen kijan pou’m aktive sa Ou mete nan mwen epi fè tout pouvwa’w manifeste nan lavi’m.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen refize viv yon lavi pasif oswa k’ap dòmi. Mwen dekrete ke tout sa Kris te akonpli yo ap viv epi travay nan mwen, yo vizib nan tout domèn lavi’m.

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 10:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 350
Miche 4-5; Revelasyons 9



GoodNews DAILY

KONTINYE TRAVAY

Lik 19:13
“Li rele dis nan sèvitè li yo, li remèt yo dis Piès lajan, epi li di yo: Fè komès avèk yo jiskaske mwen retounen.”

Pa gen okenn dout pou moun ki ranpli ak Lespri BonDye ke Jezi pral retounen. Retou Li pre anpil. Men remake sa Bib la di : « Okipe jiskaske mwen retounen. »

Mo « okipe » a pa vle di sèlman rete nan yon plas. Li vle di fè biznis, travay epi pwodui rezilta jiskaske Jezi retounen. Pandan’w toujou sou tè sa a, travay avèk men’w, devlope sa BonDye mete nan ou, epi BonDye ap beni travay ou.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa BonDye, beni travay ak fwi travay mwen yo. Tanpri Sentespri, kontinye gide’m ak estratèji ou pou’m ka pran posesyon tout sa ki pou mwen yo.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pran posesyon nouvo teritwa. Latè ap pwodui bon rezilta pou mwen nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Kolòs 3:23-24

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 351
Miche 6-7; Revelasyons 10



GoodNews DAILY

PA KANPE ANPLAS

Pwovèb 4:18
“Chemen moun ki jis la tankou limyè k’ap briye chak jou piplis jiskaske li rive nan tout klète li.”

Dlo ki pa koule vin tounen yon kote moustik ak maladi devlope, tandiske dlo ki pi pwòp la se dlo ki toujou ap koule. Menm jan an tou, moun ki pa fè anyen epi ki rete kanpe anplas vin tounen sib fasil pou dyab la simen rayisman, manti, mechanste ak kòlè. Sa ki pa bouje kòmanse pouri; sa ki kontinye avanse rete fre ak pwòp.

Menm prensip la aplike nan lavi espirityèl la. Bib la di n’ap soti nan laglwa pou’n ale nan yon lòt nivo laglwa. Pa gen anyen nan BonDye ki rete anplas. Pandan ou kontinye avanse nan Li, ou p’ap rete nan menm nivo a twò lontan. Jodiya, tout sa ki gen rapò ak lavi’w ap avanse epi y’ap pran bonjan fòm.

PRIYÈ POU JODIYA

Mèsi, Senyè, pou laglwa Ou ak prezans Ou sou lavi’m. Pa favè espesyal Ou, biznis mwen ak tout sa ki pou mwen beni nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete epi mwen deklare mwen se yon fòs nan mond sa a. Pa gen anyen ki kapab kanpe oswa konbat mwen. Mwen kòmande nouvo pòt temwayaj yo pou yo louvri nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Pwovèb 4:18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 352
Nawoum 1-3; Revelasyons 11



GoodNews DAILY

METAMÒFOZ

2 Korint 3:18
“Men nou tout, avèk figi nou dekouvri, pandan n’ap gade laglwa Senyè a tankou nan yon glas, n’ap transfòme nan menm imaj la, soti nan yon nivo laglwa pou ale nan yon lòt nivo laglwa, pa Lespri Senyè a.”

Metamòfoz se yon pwosesis biyolojik kote yon bagay chanje soti nan yon eta pou rive nan yon lòt. Pa egzanp, yon papiyon kòmanse kòm yon ze, apre sa li vin lav, apre sa li vin krizalid, epi finalman li tounen yon bèl papiyon ak bèl koulè. Menm jan an tou, kòm Kretyen, nou pase nan yon pwosesis transfòmasyon. Nou kite yon nivo pou’n antre nan yon nivo ki pi bon.

Bib la di pandan n’ap gade BonDye atravè glas Pawòl Li a, nou vin menm jan ak Li. Chèche Pawòl la jiskaske’w vin tankou BonDye ki pa janm pèdi e ki pa janm echwe. Kite Pawòl la transfòme’w!

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen mande Ou pou ban’m yon pi gwo apeti pou Pawòl Ou. Ede’m konprann li pi byen chak jou nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen transfòme pa Pawòl BonDye a. Mwen pase soti nan laglwa pou rive nan laglwa pa pouvwa Pawòl la. Pi bon vèsyon’m nan ap parèt nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Jan 1:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 353
Lik 24:1-35; Sòm 129-139



MWEN GEN VIKTWA AK PAWÒL LA

Travay 19:20
“Se konsa Pawòl BonDye a t’ap grandi avèk fòs epi li t’ap pote viktwa.”

Nan vil Efèz, Apot la te preche epi anpil moun te konvèti epi yo te vin jwenn limyè Senyè nou an, Jezikri. Tout rezon ki fè’l te domine ak fè anpil eksplwa yo kache nan Ekriti nou pou jodiya. Sa ki te grandi epi ki te genyen an se pa’t Pòl, men se Pawòl li t’ap preche a.

Plis Pawòl BonDye a antre nan lavi’w, se plis ou genyen viktwa sou lènmi an. Mwens Pawòl la prezan nan lavi’w, se plis lènmi an ap jwenn plas pou opere. Pandan w’ap manje Pawòl sa a chak jou, ou pral genyen viktwa nan non Jezi.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ede’m grandi nan Pawòl Ou epi rete fidèl pou’m etidye li. Ede’m kanpe sou prensip Pawòl Ou yo epi pou’m pa janm kite yo nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pawòl la nan mwen ap grandi epi l’ap ranpòte viktwa sou tout sikonstans nan lavi sa a. Mwen pran dominasyon nan mache a, nan sante, nan ministè, ak nan tout bagay nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Jeremi 23:29

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 354
Abakouk 1-3; Revelasyons 12



GoodNews DAILY

PA NAN FÈNWA

1 Tesalonik 5:2
M'pa kwè ke'm bezwen fè nou sonje, zanmi'm yo, ke Mèt nou an ap rive tankou yon vòlè nan mitan lannwit.

Bib la di Jezi ap vini tankou yon vòlè nan fènwa. Anpil moun site'l epi menm aksepte ke pèsonn pa konnen ki lè Mèt nou an ap vini. Menm pandan w'ap li a, ou kapab rate sa vèsè sa a reyèlman vle di.

Ekriti nou pou jodiya di ke nou menm ki nan Kris nou pa inyoran konsènan vini Li. Anfèt, nou nan limyè a, nou pa nan fènwa. Remake sa vèsè 4 la di nan menm chapit 1 Tesalonik lan: "Men, zanmi'm yo, nou pa nan fènwa, kijan bagay sa yo ta ka pran nou pa sipriz? Nou se pitit limyè, pitit fi lajounen yo." L'ap tankou yon vòlè sèlman pou moun ki toujou nan fènwa yo. Lwanj pou Senyè a, paske kanta pou nou, n'ap konnen, epi pou kounye a, nou pral rete okipe jiskaske Li vini.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, ede'm rete kole sou sa ki enpòtan jiskaske anlèvman an rive. Mwen retire tout limit ak tout distraksyon yo nan mach jistis mwen an nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

M'ap kontinye grandi nan limyè Senyè Jezi Kris nou an. Limyè Pawòl la ap klere sou tout sa'm touche nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Matye 24:42

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 355
Sofoni 1-3; Revelasyons 13



PRAN KONTWÒL

Jij 5:6-7
Nan tan Shamgar, pitit gason Anath la, nan tan Jael, gran wout yo pa't okipe, vwayajè yo te sikile nan ti chemen travès yo. Moun ki te rete nan ti bouk yo te disparèt, yo te rete san moun nan peyi Izrayèl, jouktan mwen, Deborah, te parèt. Mwen te leve tankou yon manman an Izrayèl.

Se BonDye ki bay moun yo jou yo nan endistri, nan politik, oswa menm nan ministè yo. Li bay kèk moun gras pou posede epi domine jou yo. Bib la kòmanse pa prezante nou lefèt ke jou yo te pou Shamgar, epoutan nan vèsè 7 la, yon fanm yo rele Debora te leve.

Debora te leve nan jou yon lòt moun paske mèt jou sa yo pa't leve. Jou sa yo se pou ou, ou bezwen leve pou pran kontwòl teritwa yo. Fanmi'w ak tout moun bò kote'w ap tann ou. Leve!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, mwen konnen anpil moun ap tann mwen. Ede'm avèk Lespri Ou pou'm leve epi sove fanmi'm anba maladi, povrete ak lanmò nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pran kontwòl tout sitiyasyon. Mwen genyen kapasite BonDye pou pote sekou bay fanmi'm nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Jozye 1:3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 356
Aje 1-2; Revelasyons 14



GoodNews DAILY

SE OU MENM

Matye 11:3
Epi li di li, Èske se Ou menm ki te dwe vini an, oswa èske nou dwe tann yon lòt?

Lè Jan Batis te nan prizon epi li tap soufri, li te sonje yon bagay: Jezi se te Mesi ki ta dwe delivre'l la. Anchene nan prizon pandan ke Mesi a te deyò a ap regle biznis Papa'l pa't gen sans pou li. Se konsa, li voye disip li yo mande Jezi: "Eske se ou menm?"

Tout zanmi'w ak manm fanmi'w ki nan difikilte jodiya ka ap poze menm kesyon an. Èske se ou menm ki pral delivre fanmi an? Jodiya, chwazi pou se ou menm ki pral delivre fanmi'w la. Pou'w se moun ki pral sove yo anba kalamite. Preche Jezi ba yo epi pote limyè nan twoupo'w la. Kòmanse jodiya, paske se ou menm yo t'ap tann nan.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, ban'm favè pou'm delivre moun ki nan bezwen yo. Fè'm tounen limyè k'ap briye sou chemen lavi yo nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

BonDye leve'm pou'm pote delivrans pou fanmi'm. Mwen gen sous pwovizyon ki solid pou sipòte moun ki nan bezwen yo nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Ezayi 61:1

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 357
Zakari1-2; Revelasyons 15

GoodNews DAILY

CHANJE TERITWA

Ebre 12:22
Men nou rive sou Mòn Siyon, nan vil BonDye vivan an, Jerizalèm selès la, bò kote yon foul zanj ki pa ka konte…

Bib la di nou rive sou Mòn Siyon, bò kote yon foul zanj nou pa ka konte. Kounye a, ou ka sèlman konnen lokalizasyon fizik kote ou ye sou tè a. Men, antanke pitit BonDye, ou pa sèlman la; w'ap viv nan Siyon. Ou se yon sitwayen Siyon. Idantite espirityèl ou se Siyon.

Nan Siyon pa gen sechrès ni echèk. Malè lavi sa yo pa ka domine'w laba a. Viv tankou yon sitwayen Siyon epi pale tankou yon pitit Siyon. Ou fè pati yon pi bon teritwa.

PRIYÈ POU JODIYA

Mwen priye pou favè BonDye kouvri'm. Mwen kòmande tout benediksyon presye yo pou swiv mwen, epi'm pral kontinye reflete benediksyon Siyon yo nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon sitwayen Siyon, e mwen pa manke okenn pwovizyon. Mwen kòmande tout rezèv mwen yo debòde ak abondans nan non puisan Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 2:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 358
Zakari 3-4; Revelasyons 16



GoodNews DAILY

JOU DELIVRANS LAN

Jij 6:25-26
"...Detwi lotèl Baal papa'w la... epi bati yon lotèl pou Senyè a nan menm anplasman an."

Jedeyon te resevwa lòd pou'l kraze lotèl Baal la epi bati yon lotèl pou Senyè a nan menm plas la. Sa ki te enstale la te rachte kote a. Jodiya, gen moun ki konteste selebrasyon nesans Senyè Jezi a nan dat 25 desanm poutèt asosyasyon li ak ansyen pratik payen yo. Men, prensip la rete: sa ki te konn sèvi pou yon lòt bagay ka vin tounen yon bagay epi konsakre pou BonDye.

Nan non Senyè Jezi Kris la, nou pran kontwòl jou sa a pou Li! Konsantrasyon nou pa sou sa li te ye anvan, men sou kiyès Jezi ye. Se nesans Li ki antre sali BonDye nan mond lan e ki kòmanse akonplisman plan BonDye pou limanite.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mèsi pou kado Senyè Jezi Kris ou bay mond lan. Mèsi paske Ou voye Pitit Ou kòm limyè ak sali pou limanite. Mwen rejwi nan nesans Li epi kè'm ranpli ak rekonesans pou redanmsyon ak lavi mwen resevwa nan Li.

DEKLARASYON PWOFETIK

JeziKris ap gouvène, viktwa'L etabli nan lavi'm. Mwen viv anba dominasyon Li, epi mache nan plenitid viktwa Li. Alelouya! Kris deja gen viktwa sou tout bagay.

ETID KONPLEMANTÈ
Ezayi 9:6; Lik 2:10-11

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 359
Zakari 5-6; Revelasyons 17



GoodNews DAILY

PWOVIZYON GARANTI

Filip 4:6
Pa enkyete nou pou anyen; men nan tout bagay, fè BonDye konnen bezwen nou yo nan lapriyè, siplikasyon ak remèsiman.

Imajine'w gen yon Papa ki posede twoupo sou mil mòn, Kreyatè linivè a ki pa't kreye, k'ap envite'w pou'w fè'L konnen rekèt ou yo. Ala yon privilèj! Ekriti jodiya raple nou ke nou pa dwe enkyete pou anyen. Olye de sa, tout sa nou bezwen fè se fè'l konnen demann nou yo.

Jodiya, pran tan pou di BonDye sa'w bezwen. Pote bil ou yo ba Li, paske Li kapab peye yo. Papa ou ki nan syèl la pi rich pase tout sa'w ka imajine ak mo "rich", epi jenewozite Li a etènèl. Pa manke anyen ni soufri, paske'w gen yon Papa rich nan Syèl la. Di Li pwoblèm ou yo.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen prezante tout bezwen'm yo ba Ou. Mwen priye pou tout sa'm bezwen yo akonpli. M'ap priye pou'm jwenn favè devan Ou ak devan tout moun ki pral wè'm nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Priyè'm yo jwenn repons pozitif. M'ap viv yon lavi ki plen ak abondans, epi tout bagay ap vin jwenn mwen soti anwo nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 50:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 360
Lik 24:35-53; Sòm 140-150



GoodNews DAILY

PA GEN OKENN ENKYETID ANKÒ

Matye 6:34
Se poutèt sa, pa chaje tèt nou pou demen, paske demen va gen pwòp tèt pa li. Malè yon jou ase pou li.

Antanke pitit BonDye, ou pa resevwa onksyon pou enkyete'w pou demen. Sèl antite ki gen dwa enkyete pou demen se "demen". BonDye konnen ke lespri a ka travay siplemantè pou panse sou bil, manje, ak lòt bagay. Men, nou resevwa lòd pou'n pa enkyete pou manje, rad, kò nou, lavi nou—anyen!

Anpil moun nan pèp BonDye a kwè ke yo pa dwe panse ditou, men se pa sa Li vle di. Enkyetid soti nan yon pozisyon dezespwa, san ou pa konnen ke'w se yon Anbasadè Syèl. Ekriti a di pa kite enkyetid anvayi'w. Ou se yon semans BonDye, epi Li te beni'w ak tout kalite benediksyon ki gen rapò ak lavi. Remèsye Li davans pou lavni'w, epi rezèv ou ap vin debòde. Pa gen rezon pou enkyete.

PRIYÈ POU JODIYA

Mwen priye pou gras la kouvri jou'm yo. Mwen pa gen mank ni limit nan lavi'm. Sentespri, kanpe kòm estratèj mwen pou'm pa rate okenn opòtinite. Mèsi, Senyè, paske'w asire demen'm nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Lavi'm byen ranpli e tout silo'm yo plen. Mwen pran responsablite epi kontwòle resous mwen yo, e mwen p'ap janm manke anyen ki bon nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Filip 4:6-7

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 361
Zakari 7-8; Revelasyons 18



GoodNews DAILY

VRÈ RICHÈS YO

Efèz 3:8
Mwen menm ki pi piti pase tout sen yo, li ban mwen favè sa a, pou'm anonse moun lòt nasyon yo richès Kris ke yo p'ap janm ka sonde.

Detwa Ormuz la vin tounen pwen santral kriz enèji k'ap sakaje Mwayen Oryan ak mond lan an 2025-2026 la, ki afekte epi paralize anpil ekonomi atravè mond lan. Ki jan yon sèl pasaj navigab etwat ka itilize pou fè ekonomi ki rive jis Amerik di Nò, Azi ak Afrik santi efè sa k'ap pase nan Mwayen Oryan an?

Nasyon yo gen ekonomi, sitou ki bati sou sajès lèzòm, men gen yon bagay Bib la rele richès ensondab. Sa a depase lwil, lò, oswa dyaman. Nan BonDye nou gen yon bagay ki pi rich pase mo "rich" la. Pandan ke w'ap jwenn plis Pawòl Li nan ou, ou pral viv dapre richès Li yo. Ou p'ap paralize pa aktivite sou Latè yo paske sous ou soti anwo.

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, kite pwovizyon'm yo debòde chak jou nan lavi'm. Mwen priye pou je'm Louvri pou'm wè tout resous ki antoure'm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete epi mwen deklare pwovizyon'm p'ap janm seche. Tout aktivite negatif ki sou latè yo p'ap janm kapab afekte lavi'm nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Efèz 2:7

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 362
Zakari 9-10; Revelasyons 19



PITIT GASON AK PITIT FI LORAJ YO

Mak 3:17
Te gen Jak, pitit Zebede a, ak Jan, frè Jak la. Jezi te ba yo ti non Boanerges, ki vle di Pitit loraj yo.

De frè yo nan Bib la—Jak ak Jan—pa't resevwa tinon pitit loraj pou granmesi. Tanperaman yo te make pa yon entansite zele, motive pa wayòm nan. Lè yon vilaj Samariten te rejte Jezi, yo te reponn avèk yon gwo endiyasyon, menm mande: "Senyè, èske'w vle nou rele dife desann soti nan syèl la pou devore yo?" Jezi te reprimande yo, men sa revele tenasite yo pou onore wayòm BonDye a.

E ou menm—ki tinon ou nan domèn lespri a? Pou kisa yo konnen'w? Pran desizyon'w ke apati jodiya, y'ap konnen'w pou yon bagay ki pi gran. Li ka genyen nanm, ede pòv yo, oswa jwe yon wòl enpòtan nan òganizasyon'w lan. Se pou'w yon pitit gason oswa yon pitit fi loraj nan pwòp fason pa'w.

PRIYÈ POU JODIYA

Papa, mwen priye pou onksyon'w ak gras ou ede'm efikas nan chemen'm. Fè yo konnen non'm pou yon bagay ki gran nan non Jezi ki puisan an.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete epi deklare ke'm pote dife BonDye a. M'ap nonmen pami jeneral lafwa yo. Mwen konnen BonDye mwen an, epi m'ap fè gwo bagay nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Lik 9:54

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 363
Zakari 11-12; Revelasyons 20



GoodNews DAILY

ESPWA LAGLWA

Kolòs 1:27
BonDye ta vle fè moun sa yo konnen richès glwa mistè sa a nan mitan moun lòt nasyon yo; ki se Kris la nan nou, sa vle di espwa laglwa a.

Pi gwo envestisman yon moun ka fè se aksepte Jezikris, Seyè nou an. Li se garanti ke demen'w an sekirite. Bib la di Kris anndan'w se espwa tout glwa. Bagay yo ka parèt dousman epi pafwa parèt dekouraje, men BonDye nan ou se prèv ke demen'w pral pi klere.

Ane a ap fini, epi ou ka panse'w te ka fè pi byen. Men, di BonDye mèsi, paske grasa li pwochen sezon ou a ap pi klere e pi bon. Lwil Senyè a ap ba'w yon fen gloriye!

PRIYÈ POU JODIYA

Senyè, mèsi paske avni'm an sekirite nan ou. Se pou tout fò yo kraze nan non Jezi. Se pou glwa ou parèt nan lavi'm, menm nan fen ane sa a, ak pou tout ane k'ap vini yo.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pouvwa BonDye a anndan'm. Mwen kòmande chak benediksyon kache pou manifeste kounye a. Fanmi'm ak mwen pral viv pou nou wè glwa BonDye nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Galasi 2:20

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 364
Zakari 13-14; Revelasyons 21



GoodNews DAILY

GRAN FINISÈ

2 Timote 4:7
Mwen mennen yon bon konba, mwen fini kous la, mwen kenbe lafwa.

Pasaj biblik nou an pou jodiya itilize nan diferan fason. Anpil moun sèvi avè'l nan antèman oswa nan moman tristès. Sepandan, pasaj biblik sa a ale pi lwen pase sa; li se yon refleksyon sou yon moun ki te kouri yon kous epi ki te fini byen.

Ane sa a, ou fini byen tou. Ou te kenbe lafwa a, e kounye a li lè pou konsantre sou pwochen sezon an. Panse ak domèn ou bezwen travay sou yo a epi mande Sentespri pou ede'w. Avni'w plis pase asire, kidonk avanse avèk konfyans. Nan tout bagay, ou pral byen kòmanse epi fini pi byen toujou. Ou se yon gran finisè nan non Jezi.

PRIYÈ POU JODIYA

Seyè, mwen di'w mèsi pou ane sa a. Pandan m'ap antre nan yon nouvo sezon, ede'm konsantre sou sa ki pi enpòtan yo. Derasinen tout bagay ki ta ka deranje siksè'm nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan m'ap fini ane sa a, chak benediksyon mwen te rate, m'ap repòte'l pou sezon k'ap vini an. M'ap kreye yon platfòm nan kè'm ak nan lespri'm pou'm resevwa nouvo benediksyon ane k'ap vini an nan non Jezi.

ETID KONPLEMANTÈ
Ebre 12:1

365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 365
Malachi 1-4; Revelasyons 22



ESKE'W RESEVWA JEZI KRIS DEJA?

"Paske, Pitit Lòm nan vini pou'l chache epi pou'l sove sa ki te pèdi." – Lik 19:10 (KJV)

N'AP ENVITE'W FÈ JEZI KRIS, SENYÈ LAVI'W NAN FÈ PRIYÈ SA A;

"Senyè BonDye, mwen vin kote'w nan non Jezi Kris. Mwen kwè ak tout kè'm nan Jezi Kris, pitit BonDye vivan. Mwen kwè li te mouri pou mwen e BonDye te leve li nan lanmò. Mwen kwè ke li vivan jodiya. Mwen konfese ak bouch mwen ke Jezi se Senyè lavim depi jodiya. Ak li e nan non li, mwen gen lavi etènèl; mwen fèt ankò (ne de nouvo). Mèsi Senyè, poutèt ou sove nanm mwen! Mwen se pitit BonDye kounye a. Alelouya!"

Felisitasyon!
Kounye a ou se pitit BonDye.

Kontinye grandi lè'w rete nan Pawòl li, priye chak jou, epi kenbe lafwa'w solid. BonDye rezève yon pakou enkwayab pou ou.

Pou'w grandi plis kòm kretyen, kontakte nou:
UK: +44 1244 727242 | **USA** +1 448 877 0344
RSA: +27 872 654 913 | **ZWE** +263 8677 211 645
WhatsApp: 0773 195 955
Email: gnd@goodnewsworld.com

SCAN ME



PASAJ LABIB POU PWOTEKSYON

Ou antoure pa pouvwa BonDye a, pa gen anyen mal ki ka kanpe kont ou!

EZAYI 54.

14. Mwen te fèt solid, anrasinen nan ladwati. Byen lwen tout twoub—pa gen anyen pou'm pè! Byen lwen latèrè—li pap menm ka vin pre'm!

15. Si nenpòt moun atake'm, mwen pap panse yon moman ke se BonDye ki te voye yo. E si nenpòt moun ta dwe atake'm, pa gen anyen k'ap pase.

16. BonDye te kreye fòjwon ki met difé nan fòj li epi fabrike zam pou touye. Se Limenm tou ki kreye bandi k'ap kraze brize.

17. Men pa gen okenn zam ki ka blese'm ki te fabrike deja. Nenpòt moun ki akize'm yo pral pase kòm mantè. Mwen se sèvitè BonDye kidonk men a kisa m'pral atann: BonDye pral fè ansòt ke tout bagay mache trè byen pou mwen.

Se sa BonDye di e sa pap echwe nan non Jezi!

Pou'w grandi plis kòm kretyen, kontakte nou:
UK: +44 1244 727242 | **USA** +1 448 877 0344
RSA: +27 872 654 913 | **ZWE** +263 8677 211 645
WhatsApp: 0773 195 955
Email: gnd@goodnewsworld.com

SCAN ME



GID PWOFETIK OU CHAK JOU

GoodNews Daily kontan prezante edisyon espesyal ki kreye ak anpil swen pou adolesan ak timoun, ki akonpaye devosyon prensipal nou an. Chak edisyon delivre Pawòl pwofetik jounen an dirèkteman soti nan kè pwofèt Uebert Angel, prezante nan yon fason ki pale ak chak etap nan lavi a epi ki konekte ak chak manm fanmi an.

Devosyon sa yo te rasanble ak anpil swen pou fè Pawòl Bondye a vin vivan nan yon fason ki fasil pou moun idantifye avè'l epi ki gen enpak, pou ede lektè yo grandi nan lafwa, konpreyansyon ak matirite espirityèl. Misyon nou se asire ke verite Bondye a rive nan kè tout laj, pou enspire yon relasyon pi pwofon avèk Li chak jou.



EDISYON ADOLESAN YO
Ale pi fon avèk apèsi pwisan ki ekipe jèn yo pou yo navige defi lavi yo avèk sajès ak fòs espirityèl.

EDISYON TIMOUN YO
Fèt pou prezante konsèp fondamantal lafwa, lanmou, ak pwomès Bondye yo nan yon fason amizan e kaptivan pou ede jèn yo devlope yon relasyon solid ak Bondye epi rann Bib la vivan.

Chak jou, w'ap resevwa Pawòl Pwofetik Jounen an, ekri pa Pwofèt Uebert Angel, yon mesaj diven pou ranfòse relasyon'w avèk Bondye epi gide'w nan viv dapre Pawòl Li. Se yon fason pwisan pou fanmi yo grandi ansanm nan lafwa epi apwofondi konpreyansyon yo sou verite Bondye a.

PA RATE SA!
Kòmanse fè eksperyans pouvwa transfòmasyon BònNouvèl Jounen an, yon gid pwofetik ki fèt pou ankouraje ak enspire chak jenerasyon!

SCAN ME



YON MESAJ

PLIZYÈ LANG

PASKE MESAJ KRIS LA PA KONNEN BARYÈ LANGAJ

BònNouvèl Jounen an ap transfòme lavi atravè lemond atravè tradiksyon nan plizyè lang ki pale toupatou, sa ki bay plizyè milyon moun aksè a konesans Jezikri ki ap sove. Nan tout nasyon ak kilti, moun toupatou ap rankontre Pawòl pwofetik la epi fè eksperyans rankont ak BonDye ki chanje lavi atravè devosyon sa a.



BònNouvèl Jounen an ap kraze baryè epi l'ap pale dirèkteman nan kè moun yo nan pwòp lang yo. Depi lakay ak lekòl rive nan legliz yo, inivèsite e menm nan mitan lidè ak prezidan yo, li rive nan tout nivo nan sosyete a.

Nan pote Pawòl pwofetik Pwofèt Uebert Angel la nan chak nasyon ak chak lang, BònNouvèl Jounen an ap ede akonpli Gran Komisyon an nan jenerasyon sa a.

POU SPONSORIZE VIZITE SITWÈB NOU AN:

GoodNews DAILY

BYENVINI NAN
SANT SOU ENTÈNÈT NOU AN



DEKOUVRI PLIS VIZITE SITWÈB NOU AN JODIYA

Vizite sitwèb GoodNews Daily a pou jwenn aksè a devosyon pou granmoun, adolesan ak timoun yo, chak ekri ak anpil atansyon pou ranfòse lafwa'w epi apwofondi konpreyansyon'w sou Pawòl Bondye a. Sitwèb la prezante tou ansèyman pwofon Pwofèt Uebert Angel yo, dènye nouvèl sou evènman GoodNews Daily ki pi pwòch yo, ak yon pakèt resous ki fèt pou ede'w grandi ak pwospere nan tout aspè nan lavi'w.

Kit w'ap chèche enspirasyon chak jou, revelasyon ki pi pwofon, oswa fason pou'w rete konekte ak Mond GoodNews la, tout sa'w bezwen disponib nan yon sèl kote sou sitwèb GoodNews Daily a.

Konekte avèk nou sou rezo sosyal yo:
@goodnewsdailydevotional
For daily encouragement, teachings and uplifting messages.



YON VIZYON GLOBAL MANDE YON BIDJÈ GLOBAL

VIN YON PATNÈ BÒNNOUVÈL JOUNEN AN



Chak mwa, patnè devwe nou yo distribye kopi gratis devosyon BònNouvèl Jounen an bay moun ki nan òfelina, prizon, lopital, mezon retrèt, lekòl, enstitisyon gouvènman, ak anpil lòt kote atravè lemond. Nou te resevwa anpil temwayaj sou delivrans, gerizon, pwovizyon divin, ak anpil lòt mirak kòm rezilta kanpay distribisyon mondyal sa a.


Vin jwenn nou epi fè pati mouvman gloriye Bondye sa a, k'ap bay moun chans pou fè yon nouvo demaraj ak yon lespwa tout nèf pou demen.

Pou'w grandi plis kòm kretyen, kontakte nou:
UK: +44 1244 727242 | **USA** +1 448 877 0344
RSA: +27 872 654 913 | **ZWE** +263 8677 211 645
WhatsApp: 0773 195 955
Email: gnd@goodnewsworld.com

SCAN ME

MAGAZEN NOU AN

BAGAY ESANSYÈL YO YON SÈL KOTE



KONPILASYON BÒN NOUVÈL JOUNEN AN VOLIM EN

Viv yon lavi ki bay bon rezilta nan Kris kòmanse avèk yon dezi pou konnen ak konprann Pawòl Bondye a. Konpilasyon Bòn Nouvèl Jounen an, ekri pa Pwofèt Uebert Angel, fè aktivite sa a pi fasil e pi siyifikatif. Volim 1 rasanble anpil chapit puisan ki ranpli ak devosyon ak ansèyman sou diferan sijè, tout ranje nan yon fason ki fasil pou swiv ak konprann. Chak paj ede'w grandi pi fò nan lafwa, jwenn yon pi bon konpreyansyon sou Levanjil sa a, epi fè eksperyans pouvwa Pawòl Bondye a k'ap chanje lavi chak jou.

ESKANE ISIT LA POU MAGAZEN KONPLÈ A

USE BELOW CODE FOR 10% OFF FIRST PURCHASE: GOODNEWS10

GoodNews DAILY

NIMEWO 4 | 2026

OKTÒB – NOVANM - DESANM

BònNouvèl Jounen an se yon devosyon ki pwodui pa Spirit Embassy: The GoodNews Church, ki pataje ansèyman pwofetik ak revelasyon Pwofèt Uebert Angel yo. Li dedye a gaye mesaj Jezikri a epi ranfòse kwayan yo ak Pawòl Bondye a.

POU PLIS ENFÒMASYON, LAPRIYÈ, OSWA POU PATISIPE, TANPRI KONTAKTE BRANCH LOKAL OU A:

Non Branch lan: Spirit Embassy Canada
Moun pou kontakte: Chaplain Othniel Dory
Nimewo Telefòn: 514-567-4664
Imèl:
Adrès:

Copyright © 2026 by Uebert Angel
Tout dwa rezève.

support@goodnewsworld.com
www.goodnewsworld.com

Pou plis enfòmasyon oswa pou pataje temwayaj ou:
gnd@goodnewsworld.com | www.goodnewsdailydevotional.com

Pou grandi plis kòm yon kretyen kontakte nou:
UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942
RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955
Email: gnd@goodnewsworld.com

SCAN ME



Pou plis enfòmasyon sou kijan'w ka grandi kòm Kretyen, tanpri kontakte nou nan :

UK: +44 3333 448 612
USA: +1 240 781 6942
RSA: +27 51 004 0209
ZWE: +263 773 195 9555

gnd@goodnewsworld.com
goodnewsdailydevotional.com

SCAN FOR YOUR FREE DOWNLOAD